ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№46 (24.016) ● 2020 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 21, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ЩІыпІэ самоуправленэм и махуэм ехьэлІауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек и хъуэхъу

Пщіэ зыхуэсщі си лэжьэгъуэх!

Мэлыжьыхьым и 21-м ЩІыпІэ самоуправленэм и махуэр ягъэлъапІэ. Абы ипкъ иткІэ а махуэ лъапІэмкІэ сынывохъуэхъу!

ЩІыпІэ самоуправленэр Урысей Федерацэм и Конституцэ хуэхЫэм и лъабжьэ нэхъыщхьэхэм ящыщ щыІэныпІэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхугъуэхэр зэфІэхыным ехьэлІауэ. Муниципальнэ щІынальэхэм щызэфІагъэкІ цІыхухэм я псэуКІэр егъэфІэкІуэным, къуажэхэм я щыІэкІэр къуэзгъэпэщыным, жылэдэсхэм Іуэхугъэбзэ яхуэщІэным епха къалэнхэр. Апхуэдэ Іуэхугъуэхэр зэгъэзэхуа хьун папщІэ щІынальэ лэжьакІуэхэм Іэзагъ лъагэрэ жэуаплныгъэ инрэ яхэлъын хуейщ.

Ди республикэм щІыпІэ самоуправленэм зыщиужьын папщІэ хабзэм ехьэлІа лъабжьэ быдэ иІэщ, щІыпІэ самоуправленэмрэ къэрал къулыкъущІапІэхэмрэ я зэдэлэжьэныгъэр купщІафІэу зэтеублащ.

Нобэрей зэман гугъуэм республикэм и щІыпІэ самоуправленэмрэ къэрал къулыкъущІапІэхэмрэ быдэу зэпыщІауэ пэщІэтщ къыгІпыкъуэкІа гугъуэхэуи икІи абы земыгъэужьыным йогугъу.

Си фІэщ мэхъу дяпэкІи щІыхуэм яфІ зыхэлъ Іуэхугъэ дзэгъэкІыу, абыхэм я псэуКІэр евгъэфІакІуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ-политикэ зэпІэзэрытыныгъэм фытелажьэу зэрекІуэкІынур.

Узыншагъэ быдзэрэ ехьэлІэныгъэрэ фІэІэну сынывохъуэхъу.

Республикэм и муниципалитетхэм я Іуэхухэм зыщегъэгъуазэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек, видеозэпыщІэныгъэм и Іэмалхэр къигъэсэбэпри, КЪР-м и щІынальэ администрацэхэмрэ къалэ округхэмрэ я унафэщІхэм я зэІущІэ мэлыжьыхьым и 18-м иригъэкІыжащ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КЪР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий.

РЕСПУБЛИКЭМ и жылагъуэхэм щыщыІэ эпидемиологие щытыкІэм, зи Іуэху хуэмыщІауэ щІыпІэм щыпсэухэм защІэгъэкъуэным, лъэпкъ проектхэм къыщыгъэуважэр зэрагъэзащІэм нэхъыбэу теухуат зэІущІэр.

Муниципалитетхэм я Іэтащхьэхэм КІуэкІуэ Казбек щыгуазэ ящІащ коронавирус уз зэрыщІалэр къэмыгъэхъунымкІэ я щІынальэхэм щалэжьхэм.

Мэлыжьыхьым и 18-м ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ 22-м къыщахутащ COVID-19-р цІыхуи 114-м къеуэлІауэ. Сымаджэхэм нэхъыбэу уащрохьэлІэ Налшык къалэ округым (Налшык, Іэдииху, Хьэсэней, Кэнжэ) - цІыху 44-рэ, Шэджэм щІынальэм (Шэджэм къалэ, Шэджэм ЕтІуанэ, Щхьэлыкъуэ, Нартан) - цІыху 37-рэ. Коронавирусым ущыхуозэ Тэрч, Бахъсэн, Прохладнэ къалэхэм, Къулъкъужьи Ищхъэрэ, Арщыдан, Жэмтхьэлэ Ипщэ, Старэ Шэрэдж, Джэрпэджэж, Светловодское, Бабугент, Дыгулыбгъуей, Псыгунсу, Къэрэгъэш къуажэхэм, Къащкъэтау посёлкэм.

Узыншагъэм щыкІэлъэлІэ Іуэхущіапіщ иджыпсту хэхъьэзырщ коронавирусыр къызэуэлІаХэм щеІэзэну, гъуэлъыпІэхэм я резерв фондыр къызэгъэпэщыныр йокІуэкІ. Муниципалитетхэм щыІэ куэду зэтет унэхэм я щІыхьэпІэхэр, жылагъуэ транспорт къуэвыІэпІэхэр дезинфекцэ ящІ. Республикэм и цІыхухэр къыхурджэ зэпытщ я унэм щІэсхьыну, ар къызэпызыудхэм административнэ жэуап ирагъэхь. Узым зыщІзызыбгъуэ Урысейм и щІынальэхэм къикІыжу Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуэжахэр ятх икІи абыхэм кІэлъоплъ. COVID-19-р апкърытмэ зрагъэщІэн папщІэ къапщытэхэм я бжыгъэм хохъуэ.

Администрацэхэм я Іэтащхьэхэм щхьэхуэу гу лърагъэтащ зи Іуэху хуэмыщІа унагъуэхэм зэрызыщІагъэкъуэнум. Абы ипкъ иткІэ щІынальэхэмрэ къалэхэмрэ я социальнэ къулыкъухэм ерыскъыхэкІхэр хуэныкъуэхэм хуашэ.

Къыщынэмыщ1ауэ, КЪР-м и Правительствэм республикэ бюджетым къыхигъэкІынущ муниципалитетхэм я гъэтІылъыгъэ фондыр зэрыригъэкъуну мылькур, гъащІэм щытыкІэ гугъум иригъэува цІыхухэм ядэІэпыкъуфын пащІэ.

ЩІынальэхэм ехьэлІауэ Лъэпкъ проектхэм къыщыгъэлъэгъуа Іуэхугъуэхэр зэрагъэзащІэ щІыкІэмэ зэІущІэм щытепсэлъыхьащ. Къыхагъэщащ, эпидемиологие щытыкІэр зэрыхьэлъэм щхьэкІэ къэмынэу, лэжьыгъэхэр ягъэува пІалъэм тету егъэкІуэкІын зэрыхуейр.

КЪР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● КЪБР-м и Правительствэм

КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм хэтхэм я зэІущІэ

Видеозэпыщ1эныгъэм и Іэмалхэр къигъэсэбэпри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек КЪР-м и Правительствэм хэтхэм зэІущІэ ядригъэкІуэкІащ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ Урысейм щыпашэхэу «Хъуматі1э банк», «ВТБ», «Россельхозбанк» банкхэм я республикэ къудамэхэм я унафэщІхэр.

НЭХЪЫЩХЬЭУ зытепсэлъыхьахэм ящыщщ коронавирус уз зэрыщІалэм зыщыубгъуа лъэхъэнэ хьэлъэм узыншагъэр хуэмэнмкІэ Іэнатіэмрэ щІынальэм и экономикэр зэтеІыгъэнымрэ защІэгъэкъуэныр.

Иджыпсту къалэн нэхъыщхьэу къалъытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ узыншагъэм и Іуэхущіапіэхэр дэІыгъныкмкІэ зэфІэкІхэр зэщІэгъэуІуэныр. Абы хохъэ медицинэ Іэнатіэхэм я гъуэлъыпІэ фондыр зэфІэгъэувэныр, сымаджэхэр зэрагъэбауэ жьымрэ щхьэзэкъуэ зыхъумэжьныгъэмкІэ ІэмэпсымэхэмкІэ зыуэ къызэгъэпэщыныр. Къыхагъэщащ гъэтІылъыгъэ фондым кьыхэкІыу УФ-м и Правительствэм щІынальэм сом мелуан 347-м щигъу абы папщІэ къызэрыхуиутІыпщар.

А мылъкур Іэмал зэриІэкІэ сэбэпынагъ нэхъыбэ къыпэкІуэу, фІагъ хэлъу икІи псынщІэу къэгъэсэбэпыпхъэщ, къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм. Убзыхупхъэщ щІэуэ къыздэгъэпэщ гъэхъужьыпІэхэр зыхуэунэтІын хуейр, Іэмэпсымэхэмрэ зэрелъэзэну материалхэмрэ къыщащэхунр.

ЗэІущІэм ипкъ иткІэ, къищынэмыщІауэ, хэплъащ хьэрычэтыщІэ мащІэмрэ курытымрэ зэрызыщІагъэкъуэну щыкІэм. КьащІэтмэ, нобэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзащІэ щІынальэм и экономикэм и зыужьыныгъэр зэтеІыгъэнымрэ социальнэ зэпІэзэрытыныгъэр хуэмэнымкІэ ягъэ игъэщІапхъэ Іуэхугъуэхэр.

Тхьэмахуэ къэс КЪР-м и Правительствэм къепщытэ Іуэхущіапіэ нэхъыщхьэхэм, абыхэм хохьэ промышленностым, связым, АПК-м, туризмэм, ЖКХ-м я Іэнатіэ 70-м щІигъу, я экономикэ щытыкІэр. Кьыдэкіуэу щІагъэхуабжьэ нэхъ зэпІэзэрыту щыт мэкъумэш, гъэзгу хозяйствэ, ухуэныгъэ отраслхэм я лэжьыгъэр.

Къищынэмыщ1ауэ, хэплъащ мылъкум ехьэлІа налогхэмрэ аванс ахъшэмрэ щатыну пІалъэр ягъэІэпхъуфынымэ. Абы и сэбэп екІынут цІыху мин 28,2-рэ зыгъэлажьэ налогыр зыт цІыху мини 6,2-м. Шэсыпі1э фондымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр правленэм унафэ кІэщтащ иджыпсту щыІэ зэгурыІуэныгъэхэмкІэ щІыхуэр щапшынынжьыну пІалъэр мазихкІэ ягъэІэпхъэну.

Республикэм и банк системэмэ лэжьыгъэ щхьэхуэ иригъэкІуэкІ. «ХъуматІэ банк», «ВТБ», «Россельхозбанк» банкхэр жьыдэжу хэтщ къэрал программэ псоми икІи иджыпсту хьэзырщ процент зыытемыхуэ кредитхэр ятыну, предприятэхэм я лэжьакІуэхэм я улахуэхэр зэпымыуи папщІэ, хьэрычэтыщІэ мащІэмрэ курытымрэ зэрызыщІагъэкъуэну, щІыхуэ ятелъхэр зэрыхуагъэІэпхъуэну хэкІыпхэр къыхалъхъэ. Пщэлъхэм псынщІэу щІихэплъэ Іэмалхэр щыІэщ.

КЪР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Щ1ынальэхэр къапщытэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек мэлыжьыхьым и 17-м видеозэпыщІэ мардэм иту епсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІынальэм коронавирус уз зэрыщІалэм зыщемыгъэубгъуным хуэунэтІауэ къызэрагъэпэщ Іуэхухэр зи нэІэ щІэтт хуейхэм Оперативнэ штабым хэтхэм.

COVID-19 узыфэм теухуауэ щІынальэм щыІэ щытыкІэм, ар къызыпкъырыхьахэм я бжыгъэр республикэм нэхъыбэ щымыхьуным, хьэрычэт Іэнатіэмрэ нэхъ хуэмыщІауэ псэухэмрэ защІэгъэкъуэным хуэунэтІауэ къызэрагъэпэщ Іуэхуэр зи нэІэ щІэтт хуейхэм щапшынэну.

КЪБР-м узыншагъэр хуэмэнымкІэ и министр **Къалабатэ Рустам** и гугъу ищІащ узыр зыпкъырыхьахэм зэрелъэзэ щІыкІэм, хущхьэуэхэмрэ зыхуеину Іэмэпсымэхэмкіэ сымаджэщхэр къызэрызэгъэпэщащ щІыкІэм. Министерствэм кьалэн щащІащ, хуей хъужьыкъуэмэ кьагъэсэбэпын хуэдэу, сымаджэхэм папщІэ Іуэзпъыпі1э нэхъыбэ цІыхухэм я узыншагъэм щыкІэлъэплъ Іуэхущіапіэхэм иджыри щагъэувыну.

Лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэу кьащхьэщыжьымкІэ и министр **Асанов Алим** тепсэлъыхьащ цІыхухэм я Іэнатіэхэр яфІэмыкІуэдынымрэ республикэм нэхъ хуэмыщІауэ щыпсэухэм защІэгъэкъуэнымрэ хуэгъэзауэ зэрфІах Іуэхухэм.

КЪБР-м цІыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрым и кІалэнхэр зыгъэзащІэ **Езауэ Анзор** республикэм и Іэтащхьэр зыгъэуазэ ящІащ еджапІэхэм пІэщІэу ныбжьыщІэхэм щІэныгъэ зэрырагъэгъуэт щІыкІэм, апхуэдэу ар щаухыну я гугъэм. Апхуэдэу республикэм и курыт еджапІэхэм я 1 - 8-нэ классхэм щІэсхэр гъэ еджэнъуэр мэлыжьыхьым и 30-м къыргъэухьну траухуащ. Абыхэм я щІэныгъэр здынэсри къызэрапщытэ лэжьыгъэхэр бжьыхьэм ягъэІэпхъуащ. Республикэм и Унафэщым къыхигъэщащ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэр сабийхэм жьыдэжу ирагъэкІуэкІыныmкІэ къызэгъэпэщыпхъэхэм гулытэ хуащІыным мыхьэнэщхуэ зэриІэр.

Апхуэдэуи, Урысейм щІыхуэхэм щІэныгъэ зэрырагъэгъуэт щІыкІэм кІэлъыплъ и Іуэхущіапіэмрэ УФ-м Егъэджэныгъэмкіэ и министерствэмрэ зэхалъхьа расписанэщІэм ипкъ иткІэ, ОГЭ, ЕГЭ кьэпщытныгъэхэм я Іыхьэ зыхьыщІхьэхэр 2020 гъэм мэкъуаугъуэм и 8-м кьыщІэдзауэ бадзэуэгъуэм и 31-рэ пщІондэ екІуэкІыныщ. Урысыбзэмрэ математикэмкіэ экзаменхэр папщІэ гъэзпъыпІэ нэхъыбэ цІыхухэм я узыншагъэм щыкІэлъыплъ Іуэхущіапіэхэм езыхэм яубзыхун хуейуэ кьалэн кьащІащІаш. А предметІыпмкІэ фІэкІа нэгъуэщІэхэмкІэ кьэпщытэныгъэхэр мы гъэм щрагъэкІуэкІынуным 9-нэ классхэр кьэзыухэм я деж.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коронавирус уз зэрыщІалэр къыщымыгъэхъуныmрэ абы зэрызиубгъуным щыкІэлъыплъныmкІэ и Оперативнэ штабым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коронавирус уз зэрыщІалэр къыщымыгъэхъуныmрэ абы зэрызиубгъуным щыкІэлъыплъныmкІэ и Оперативнэ штабым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 13-м къыдигъэкІа Унафэ №29-РГ-мкІэ къыщтам, зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн, абы Зумакулов Б. М. - Цыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр - хэгъэхьауэ (зэгурыІуэу)

2. Мы Унафэм кьару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм мэлыжьыхьым и 18-м
№044-РГ

Нобэрэ пщэдейрэ

Мэлыжьыхьым и 21, *гъубж*

♦УФ-м щагъэлъапІэ ЩІыпІэ самоуправленэм и махуэр

♦Бухгалтер нэхъыщхьэм и махуэщ

♦Инджылызым я гуфІэгъуэщ - я пащтых гуащэ Елизаветэ ЕтІуанэр кьыщалъхуа махуэщ. Абы и ныбжьыр илъэс 94-рэ ирокъу.

♦1920 гъэм Налшык цІыхубэ хозяйствэм и щІынальэ совет къыщызэрагъэпэщащ.

♦1921 гъэм Налшык Лъэпкъ музей къыщызэІухащ.

♦1932 гъэм СССР-м и ВМФ-м и Хы хуэм флотыр къызэрагъэпэщащ.

♦1939 гъэм Ленинград къыщызэІухащ «Москва» кинотеатрыр. Ар залищ иІэу СССР-м япэу щащІа апхуэдэ Іуэхущіапіэт.

♦1951 гъэм Совет Союзым и Лъэпкъ Олимп Комитетыр къызэрагъэпэщащ.

♦1954 гъэм СССР-р ЮНЕСКО-м хьыкащ.

♦Урыс механик-къэхутакІуэ цІэрыІуэ **Кулибин Иван** къызэралъхурэ илъэс 285-рэ ирокъу.

♦Инджылыз усакІуэ, тхакІуэ **Бронте Шарлоттэ** къызэралъхурэ илъэс 204-рэ ирокъу. Абы и Іэдакъэщ1экІ нэхъ цІэрыІуэхэм ящыщщ «Джен Эйр» романыр.

♦Къэрал къулыкъущІэ, генерал-майор, Иорданием и лЫкІуэу Тыркум, Иракым, Китайм щыІа, Адыгэ ФІыщІэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **Бырмамыт Фоуаз** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр, СССР-м и цІыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтыр тІэунейрэ, Ленинымэ и цІэр зезыхъэ саугъэтыр зыхуагъэфэща **Ростоцкий Станислав** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ артисткэ, КЪР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **ЖьакІэмыхъу КІунэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ, Хуабэр махуэм градуси 6 - 7, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 22, *бэрэжьей*

♦ЩІым и дунейпсо махуэщ

♦Секретарым и дунейпсо махуэщ

♦Экологием кьихь шынагъэм зыщыхъумэным и махуэщ

♦1370 гъэм Франджым и пащтых Карл V и унафэкІэ Бастилие быдапІэр ухуэн щІадзащ.

♦1832 гъэм император Николай Езанэм и унафэкІэ Урысейм нэгъуэщІ къэрал Іуэхуэзмкіэ и министерствэр къыщызэрагъэпэщащ.

♦1838 гъэм Атлантикэ хыр зыщІыпІэ дежи къыщымыувыІэу зэпызыупщІа кхъуэхым и хъурэзэр США-м и Нью-Дерси штатым и Іуфэм деж щридзыхащ.

♦1863 гъэм Москва къалэ Думэм и ягъэ зэхуэсыр екІуэкІащ.

♦1906 гъэм Алыджым и къалащхьэ Афинхэм къыщызэІуахащ зи мычэзу Олимп Джэгухэр.

♦1918 гъэм Урысейм и ВЦИК-м унафэ къыщІащ къэралым и цІыхухэр дзэ Іуэхум хуегъэджэнымкІэ теухуауэ.

♦Совет Союз къэралыгъуэм и къызэгъэпэщакІуэхэм ящыщ, СССР-м и ЦІыхубэ комиссархэм я советым и ягъэ унафэщІу щыта **Ленин (Ульянов) Владимир** къызэралъхурэ илъэси 150-рэ ирокъу.

♦Урыс, американ тхакІуэ цІэрыІуэ, зэдзэкІакІуэ, литературовед **Набоков Владимир** къызэралъхурэ илъэси 121-рэ ирокъу.

♦Бзэщ1эныгъэлІ, КЪБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КЪБР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ **Елбэд Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэси 134-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ физик, а къэралым и ягъэ атомнэ бомбэр зыщІа **Оппенгеймер Роберт** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

♦Химие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, академие зыбжанэм хэта **МэкІэтІей Абдулэхь** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Урысей географие обществэм хэт, ныбжьыщІэхэм я «Додо клаб» зэгухэныгъэм (КЪБР) и унафэщІ **Мысырджэн МуІэед** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, зэдзэкІакІуэ, адыгэ усакІуэхэм я Іэдакъэщ1экІ куэд урысыбзэм къызыгъэзэгъа **Пряжников Александр** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 9, жэщым градуси 4 - 5 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬэКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Зы гъэр тІэу къакІуэркъым.

● Юбилей

ХуэзфІэкІар мащІэкъым

Мэлыжьыхьым и 22-м Ленин (Ульянов) Владимир (1870 - 1924 гъгъ.) къызэралъхурэ илъэси 150-рэ ирикъунущ. Абы и цІэр Іуэхугъуэшхуэ куэдкІэ ХХ лЭщІыгъуэм и тхыдэм къыхэнащ. Апхуэдэхэм ящыщщ Октябрь революцэм и пащэу зэрыщытар, дуней псом япэу социалист къэралыгъуэ ин дыдэ зэрыщиуиущ, Урысейм и лъэпкъхэм я Іуэхуэр зэрахуэжьину Іэмал зэраритар, нэгъуэщІхэри.

ИУЖЬРЕЙМ и щапхъэщ 1921 гъэм фокІадэм и 1-м Къэбэрдей автоном областыр (иужькІэ, 1922 гъэм, Къэбэрдей-Балъкъэр автоном область ящІыжащ) къызэрагъэпэщащэу зэрыщытар. Лэжьакіуэбэм ар ягу къызэринар ЦІыхухэр зэхуэдэу гъэпсэуным и лъабжьэр зэригъэтІылъарщ, зыхуэзэфІакІым хуэмыщІахэр къызэригъэсэбэпым зэрыпэщІэуваррщ, лъэпкъ хэутэнрэ зауэрэ кьемыкІуэкІыу щыным и телъхьэ зэрыхьуарщ. Псалъэм папщІэ, мамыригъэмрэ щІымрэ ятеухуа декретхэр, Лэжьакіуэхэм я хуитныгъэхэм я декларацэр, нэгъуэщІ дэфтэрхэри цІыхубэр куэд щІауэ зыпэплъа хьуапсапІэт.

Тхьидэджхэм зэратхымкІэ, Лениныр хэкупсэ хъуныр къыщыхъуа унагъуэм щилъагъуа щапхъэм къыхихат. Абы и нэгу щІэкІат и адэ Илья цІыху къызэрыгуэкІхэм, ахэр зыщыщ лъэпкъ емыльытауэ, щІэныгъэ яхэлъхьэным и гъащІэ псор зэрытриухуар.

Лениным и унафэм щІэту ягъэ совет Конституцэр зэхагъэуваузэ щытащ. Граждан зауэр иуха нэужь, абы цІыхубэ хозяйствэр къэІэтыжьыным псори къыхурджащ, РКП (б)-м и 10-нэ зэхуэсым (1921 гъэм и гъатхэпэм) къыщащтат Лениным зэхигъэува, экономикэ политикэм зэрызрагъэужьыпхъэ программэщІэр (НЭП). Совет Социалист Республикэхэм я Союз (СССР) лъэщІ къызэгъэпэщыным и жэрдэмщІакІуэт, электрофикацэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа ГОЭЛРО планыр и нэІэм щІэту ягъэзащІащ.

Щэч хэмылъу, мыхьэнэ зиІэ нэгъуэщІ зэхъуэкІныныгъэхэри къаралым кьыщыхъащ а зэманым, цІыхубэр зыужьыныгъэм и гъэгум тришэу. Ауэ зыщыщдгъэгъупщэ мыхъунэр лъэпкъ псоми зэхуэдэ Іэмал, нэхъыщхьэ нэхъыкІи щымыІэу, зэрыратар арагъэнущ.

Урысей къэралыгъуэм и лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэ куэдым Совет властым и фІыгъэкІэ я лъэпкъ-щэнхабзэ Іуэхугъэ ирагъэкІуэкІныmкІэ, я анэдэлъхубзэхэм зрагъэужьыныmкІэ Іэмал нэхъыбэ ягъуэгъэнымрэ хуэгъэзэнІаХэм щеІэзэну, гъуэлъыпІэхэм я резерв фондыр къызэгъэпэщыныр йокІуэкІ. Муниципалитетхэм щыІэ куэду зэтет унэхэм я щІыхьэпІэхэр, жылагъуэ транспорт къуэвыІэпІэхэр дезинфекцэ ящІ. Республикэм и цІыхухэр къыхурджэ зэпытщ я унэм щІэсхьыну, ар къызэпызыудхэм административнэ жэуап ирагъэхь. Узым зыщІзызыбгъуэ Урысейм и щІынальэхэм кьикІыжу Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуэжахэр ятх икІи абыхэм кІэлъоплъ. COVID-19-р апкърытмэ зрагъэщІэн папщІэ къапщытэхэм я бжыгъэм хохъуэ.

Администрацэхэм я Іэтащхьэхэм щхьэхуэу гу лърагъэтащ зи Іуэху хуэмыщІа унагъуэхэм зэрызыщІагъэкъуэнум. Абы ипкъ иткІэ щІынальэхэмрэ къалэхэмрэ я социальнэ къулыкъухэм ерыскъыхэкІхэр хуэныкъуэхэм хуашэ.

Къыщынэмыщ1ауэ, КЪР-м и Правительствэм республикэ бюджетым къыхигъэкІынущ муниципалитетхэм я гъэтІылъыгъэ фондыр зэрыригъэкъуну мылъкур, гъащІэм щытыкІэ гугъум иригъэува цІыхухэм ядэІэпыкъуфын пащІэ.

ЩІынальэхэм ехьэлІауэ Лъэпкъ проектхэм къыщыгъэлъэгъуа Іуэхугъуэхэр зэрагъэзащІэ щІыкІэмэ зэІущІэм щытепсэлъыхьащ. Къыхагъэщащ, эпидемиологие щытыкІэр зэрыхьэлъэм щхьэкІэ къэмынэу, лэжьыгъэхэр ягъэува пІалъэм тету егъэкІуэкІын зэрыхуейр.

КЪР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ШэрІужь Мадин Хьэкlашэ и къуэ

ШэрІужь Садин Хьэкlашэ и къуэ

ШэрІужь Нажмудин Хьэкlашэ и къуэ

ШэрІужь Мыцэ Хьэкlашэ и къуэ

Зауэр Іэ щыІэкІэ зыхэІэбахэм ящыщт ди унагъуэри

Си анэшхуэм и цІэ дыдэр Лиэзт, ауэ и анэкъилъхуээри и бынхэри, дэ и къуэрылъу - пхъурылъхуэри дызэреджэр Адэт. Мы тхыгъэр зытеухуар армыари, ар ди гъащІэм апхуэдизкІэ къуэпс быдэкІэ пыщІащ, сыт хуэдэ си гукъэкІыжри къыгуэхьилІэ имыІэу епхащи, сыблэлэбыкІыфыркъым.



АДЭТ Бэрбэчэ япхъут. Абы и дыщым я гугъу щищІкІэ апхуэдизкІэ хэІэтыкІауэ и дахэ жиІэрти, къыпфІэщынкІэ хъунут къызыхэкІар зыхэсхэм нэхърэ нэхъ игъэлъагъэ. Ауэ, зыхэс ШэрІужьхэ ятепсэлъыхьу щыІэзэхэткІэ ди щхьэр лъагэу дигъэлъагъужу ди нэхъыжьхэм, ахэр къызыхэкІахэм ятеухуа хъыбар дахэхэм дыщІигъэдэлурт. НэгъуэщІу жыпІэмэ, фІы гуэр зыбгъэдэмылъи, дагъуэ гуэр зыхуумыщІыфыни щыІэу къыщІэкІынкъым, ауэ ди анэшхуэм Іей зыми хужиІэнутэкъым. Ди нэхъыжьхэр нэхъ щІалэІуэхэм зыгуэрКІэ щаухуэлъдэхэм дежи ахэр бгъэхъуаншэ щІэмыхъун щхьэусыгуэрэ гуэркэр къаухуигъэтырти, къащхьэщыжырт. Щэч хэмылъу, апхуэдизу фІыр зи Іэпэгъу бэылъхугъэр къызыхэкІахэми зыхалъхьэ щымыІэу къалъагъурт, зыхэс лъапкъэми, пщІэшхуэ къыщыІыысырт.

Ди адэ-анэм дызыхуэдэм драмыгъэхъуапсэу дапІащ, абы щэч къыщІытепхэн щыІэкъым, ауэ псэуху ди Іуэхум щыгъуазэу, ГъэзугъэлъагъуэУ, чэнджэщзгъуу диІар ди анэшхуэрщ. Абы щхьэусыгуэу хуэхъуари гурыІуэгъуэщ, ди адэшхуэр зауэм хэкІуздат. Ди адэ-анэхэр лжьыбгъэ тКІий пэрытти, къыщыдахуэм унагъуэ Іуэхур гцынэжт. Зэрыбыным (дэ тху дыкъурт: зекъуэшпІлРэ зы щыпхъэрэ, хъыджэбзыр яку дэту), сэ сыетІуанэт. Си анэкъилъхуэхэр жыІэдаІуэт, сэ сыщытехьэулеикІи къэхъурт. Апхуэдэу сыкъыщыщІэхуаэхэм и деж ди адэм егъэджакІуэ хьэлу, унэ пІланэпэм зэман пыуухьІакІэ сыкъыдэмыкІыу сыдэтын хуейуэ тезыру къыстрилъхьэрт. Тынштэкъым. Си анэкъилъхуэхэм нэмыщІкІэ, ди гъунэгъу сабийхэри, ди адэ къуэш бынхэри, пщІантІэм щІэзэрыезэхьэу, сэ зызгъэхъеину сыхуимыту, а псом ищІыужкІэ, махуэ псом псыхъуэм удэтарэ умэжкалЭу. Апхуэдэхэм дежи анэшхуэм щэхуу шхынир нызбгъэдихьэрти, Іэгучкэ сигъашхэрт. Ар нэгъуэщІ зыхуадэхи, абы тегушхуэни, унагъуэм щІэстэкъым. Си адэм абы гу щыІьитэхэм деж «уэращ мыр зыгъэкІуэдыр, щызыгъэкІыр», - жиІэурэ хъущІэрт. Сыт хуэдиз къуэкІыкІыгъэ тщІэми, длэжьар зэрымыхъумыщІэр щабэу къыдгуригъаІуэу бхыщхьэщытащ. Зэ закъуэщ ди анэшхуэм губгъэн къыслхуищІу, тКІийуэ Іуэхугъуэ гуэр къыщыспиубыдауэ къыслхуэщІэжыр. Дохъушыхьуей къуажэм дэт СПТУ-м драгъэКІри, ГъавэІ Іутхыжыну Къзахъстаным дагъакІуэри, мазитІкІэ дыщылажьат. А зэманым кІуиубыдэу ди щхьэщхэр щІедмыгъэщІауэ щІалэ гупыр дыкъэкІуэжат, ди щІыпІэ дыщыІэжамэ, дауи, абы дытегушхуэнутэкъым. НтІэ, ди унэ сыщыдыхьэжам, «Сэ апхуэдэкъуэ сиІэкъым, сиІэнуи сыхуейкъым, укъызбгъэдэмыхьэт!», - жиІэри, си щхьэцыр езмыгъэщауэ сызыбгъэдигъэхьэн къыслхуидауэ щытакъым. НэгъуэщІ зы хьэл гъэщІэгъэнэн хэлът ди анэшхуэм, абы зэи бдзэжьей ишхыну щытакъым, ар хуабжьу згъэщІагъэуэ сеупщІмэ, «А си щІалэ цыкІу, хы ФІыцІэжьым хэкІуэда ди лъэпкъэгъуэр бдзэжьей Іуэхуэ мыгъуэу жаІэ, дауэ абы я лыр зэрыпшхынур?!», - жэуап къызитырт.

Ди анэшхуэр унагъуэ щихьар Совет властыр щызэфІэуВа зэманырт. ШэрІужь Хьэкlашэ и унагъуэм къуитхурэ зыпхъурэ яІэти, бынхэ я нэхъыжьыр си адэшхуэ Садинт. Зауэр къыщыхъеям абыхэм щалилпІ ягъуэтат, быным я нэхъыщІэ хъыджэбз закъуэр Фенэ, ныбэ илът. Ди адэшхуэм и къуэшхуэ, Мадин, Мышэ, Мыцэ, Нажмудин сымэ унагъуэ хъуахэт. Нэхъыщхьтым, Мадинрэ, Нажмудинрэ, къашагъащІэт. Мышэ зы хъыджэбз, Тамарэ, Мыцэ - пхъуитІ, (Ленэрэ, Жэнпагуэрэ) яІэхэт.

Зэкъуэшхэм ящыщу Мадин Харьков и Іэгъуэблагъэм щыхэкІуэдащ; ди адэшхуэ Садин и ижь письмор Воронеж къалэм къуртхыкІауэ щытащ, тхылъым зэритымкІэ, абы щыщІалъхьащ, ауэ и кхъащхьэр нобэми къытхуэгъэтакъым. НэхъыщІэ дыдэ Нажмудин офицерт, Иран къэралыгъуэм Совет Союзым щиІэ посольствэр зыхъумэхэм яхэту къулыкъу щрихьэкІырти, мызэ-мытІэу лъэІу тхылъ итхьирэ, фронтым яфІэкІауаг. Абы уІэгъэ щыхъури, госпиталым щылІащ икІи грознэ къалэм и кхъэм щІэльащ. Мышэ, зауэми мыкІуэуэ, сымаджэ хьэлъэ хъури и унэ щылІэжащ. Мыцэ и закъуэщ Хьэкlашэ и къуитхум ящыщу псэууэ къэнар, ари гъэр хъури, нэмыцІэлуэм гугъуехьышхуэ щигъэву исащ. Зауэр иухыу хуит къащІыжа нэужьи, дыдейжэм ягъэтІысыжри, илъэсипщІкІэ тутнакъэщым исыжащ. Мыцэ лІэуэ загъэжахэм щехьэпсэ кудрэ къызэрыхуихуар жиІэжырт - хьэзаб кудэ щишэчын хуей хъуащ абы лъэныкъуитІымкІи. Дауэ щытми, и ажал къэсатэхьми, зы щІалэрэ хъыджэбзитІрэ игъэтыжри зыкъомрэ псэужащ. Гъэру щытахэм я Іуэхум хэплъэжу щагъэзэхуэжа зэманым эмысу, епцІыжакІуэ псалъэ дыджыр и цІэм пыту, абы ирибамПІэурэ лІэжащ.

Хэкlуэдащ а зауэм Хьэкlашэ ипхъу закъуэ Марьян и цхьэгъусэ Взрыкъуэ Хьэжмуриди, зы хъыджэбз фІэкІа зэдамыгъэтауэ ари дашат. Зауэр уВыІа иужькІэ, илъэсиц нэхъ дэмыкІыу Мэрьян тхъэмыщкІэри сымаджэ хъури дунейм ехьжащ.

ЗэрытщІэщи, зауэр Іэ щыІэкІэ зыхъэмыІэба унагъуэ куэд щыІэкъым, ауэ бынихьи ящыщу зы фІэкІа уимыІэжу, абыи епцІыжакІуэ къыфІакІэ щэрэ лъэхъуэщхьи иратгъэтІысхьажэ, гуауэм и гуауэжщ. А зэманым ЗьхэкІа щэрэ ДиІрэ я псэм хьэзабу тельар къызыгурыІуэфынур мащІэщ. Ауэ щыІэт иджыри апхуэдизу гуауэр зымащІэкІэ ящхьэщызыхьыу, я гур зыгъэфІ къару гуэр. Ар бын пэлъытэ яхуэхъуа ди анэшхуэ Адэтрэ я къуэрылъхуэрылъхуэмэрэт.

Я ныбжькІэ мыщІалэжми, гуащэ-тхъэмадэри дзэпкъэгъэлъэгъуэ зыхуэхъуу, абы къышщынэмыщІауэ, и дэлъхуиблым ящыщу къэнаищыри къытеубгъуауэ, Іэмал зэрагъэтКІэ гугъуехьэр зэрыщхьэщхьыкІэ яхуэзэфІэкІ къамыгъанэу зыкъыщІагъакъуэурэ ипІащ ди анэшхуэм и бынхэри, и щыкъуэ Мышэрэ и щыпхъу Мэрьянрэ къащІэна къыщжьбз зырызри. Уеблэмэ дэ балигъ дыхьуху, Тамарэрэ Сэмарэрэ, ди анэшхуэм ешым и бын дыдэу фІэкІа тщІакъым, апхуэдизкІэ ейм пимыдзыхыу къигъэхъуати.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, ШэрІужьхэ ХьэкlашэрэДиІрэ я нэгу щІэкІын хуейуэ я натІэм къритхар абыкІи зэфІэкІакъым. Илъэс епщІыкІубланэм иту сымаджэ хъури, дунейм ехьжащ ди адэ къуэш нэхъыщІэ дыдэр. Аниуар зэрыщымыІэжыр псом хуэмыдэу зыхащІат и адэшхуэ-анэшхуэми, шэч зыхэмылъыжращи, къэзыльхуахэми и анэкъилъхуэхэми.

Зи ныбжь хэкІуэта цІыхухъуэр псом нэхърэ нэхъ Іейуэ зыщщышынэхэм ящыщщ, езыхэм япэ я щхьэгъусэхэр ищыщ. ГурыІуэгъуэщ абы лъабжьэ хуэхъури, ауэ Алыхьым ихуатэкъыми, ди дадэм и лъэІур къыхуищІакъым. Апхуэдиз гуауэ зыгъэва анэгур нэхъ пасэу къэзыІыаІ. Хьэкlашэ и щхьэгъусэм илъэсиблКІэ кІэлъыплъэжащ, и насыпти лъэрытету, и акъылыр жану къыхуиухар ирихьэкІащ, и къуэрылъху бину блы ильагъужащ. 1963 гъэм ар дунейм ехьжащ.

И гуащэ-тхъэмадэр щыпсэуи, иужькІэ езыр дунейм тетыхукІи, ди анэшхуэм зэи ди кузбжи, унэбжи дгъэбдІащ, Іункъыбзэ етту идэу щытакъым. «Анаа, Садин къэкІуэжмэ, ди бжэхэр гъэбдыдауэ къыщІэмыхьэжыфу дауэ хъунт?», - жиІэрт. Апхуэдизу, угуэм иту кхъухьльатэ щыблэлъэтхэм деж, «Сабийм фи лъэІур нэхъ зыхихынщ!», - жиІэрти, - «Ялыхь, мобы ди Садин къиГэкІыж», - жыІЭу тхъэ дригъэлъэІурт. Ди сабий акъылхэм къызэритІэсымкІэ, ар къыщыкІуэжынур зэгуэр къэсынут. «Дадэ и ГыусэУ удэшцэ дыкІуат е щхьэл дыщыІат», - жызыІэ ди ныбжьэгъуэхэм хуэдэу дэри зэман къытхуихуэжу дыщыгугъурт. Нэхъ бэлигъ дыкъэхъуу, а ди лъэІуэмрэ хъуапсапІэмрэ къызэримыкІыныІар къыдгурыІуами, ди анэшхуэр 1987 гъэ хъуху дунейм тетати, зы махуи и гугъэр химыкъыжауэ псэуащ. И ахърэтыр фІы Тхъэм ищІ!

Ди анэшхуэм и бынхэм ящыщу нэхъыщІэ дыдэ Фенэщ диІэжыр. ПсэухукІэ къэзылъхуахэм яхуэфащэу, зыхэтхэм фІыкІэ къахэщу, зыІэрыпта Іэнатіэмрэ я унагъуэхэмрэ, яхуэпэжу псэуащ ШэрІужь Садинрэ Лизэтрэ я бынхэу Хьэсэн, Іэуес, Толэ сымэ. Хьэсэн щІалэ цыкІуу колхозым учётчикыу щыщІидзэри, итІанэ уухаКІуэхэм я бригадиру зыгъэкІуэри, а Іэнатіэм пэрытащ илъэс щыкІуэм ящыщу псэууэ къэнар, ари гъэр хъури, нэмыцІэлуэм гугъуехьышхуэ щигъэву исащ. Зауэр иухыу хуит къащІыжа нэужьи, дыдейжэм ягъэтІысыжри, илъэсипщІкІэ тутнакъэщым исыжащ. Мыцэ лІэуэ загъэжахэм щехьэпсэ кудрэ къызэрыхуихуар жиІэжырт - хьэзаб кудэ щишэчын хуей хъуащ абы лъэныкъуитІымкІи. Дауэ щытми, и ажал къэсатэхьми, зы щІалэрэ хъыджэбзитІрэ игъэтыжри зыкъомрэ псэужащ. Гъэру щытахэм я Іуэхум хэплъэжу щагъэзэхуэжа зэманым эмысу, епцІыжакІуэ псалъэ дыджыр и цІэм пыту, абы ирибамПІэурэ лІэжащ.

Хэкlуэдащ а зауэм Хьэкlашэ ипхъу закъуэ Марьян и цхьэгъусэ Взрыкъуэ Хьэжмуриди, зы хъыджэбз фІэкІа зэдамыгъэтауэ ари дашат. Зауэр уВыІа иужькІэ, илъэсиц нэхъ дэмыкІыу Мэрьян тхъэмыщкІэри сымаджэ хъури дунейм ехьжащ.

ЗэрытщІэщи, зауэр Іэ щыІэкІэ зыхъэмыІэба унагъуэ куэд щыІэкъым, ауэ бынихьи ящыщу зы фІэкІа уимыІэжу, абыи епцІыжакІуэ къыфІакІэ щэрэ лъэхъуэщхьи иратгъэтІысхьажэ, гуауэм и гуауэжщ. А зэманым ЗьхэкІа щэрэ ДиІрэ я псэм хьэзабу тельар къызыгурыІуэфынур мащІэщ. Ауэ щыІэт иджыри апхуэдизу гуауэр зымащІэкІэ ящхьэщызыхьыу, я гур зыгъэфІ къару гуэр. Ар бын пэлъытэ яхуэхъуа ди анэшхуэ Адэтрэ я къуэрылъхуэрылъхуэмэрэт.

Я ныбжькІэ мыщІалэжми, гуащэ-тхъэмадэри Іэпэгъэлъэгъуэ зыхуэхъуу, абы къышщынэмыщІауэ, и дэлъхуиблым ящыщу къэнаищыри къытеубгъуауэ, Іэмал зэрагъэтКІэ гугъуехьэр зэрыщхьэщхьыкІэ яхуэзэфІэкІ къамыгъанэу зыкъыщІагъакъуэурэ ипІащ ди анэшхуэм и бынхэри, и щыкъуэ Мышэрэ и щыпхъу Мэрьянрэ къащІэна къыщжьбз зырызри. Уеблэмэ дэ балигъ дыхьуху, Тамарэрэ Сэмарэрэ, ди анэшхуэм ешым и бын дыдэу фІэкІа тщІакъым, апхуэдизкІэ ейм пимыдзыхыу къигъэхъуати.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, ШэрІужьхэ ХьэкlашэрэДиІрэ я нэгу щІэкІын хуейуэ я натІэм къритхар абыкІи зэфІэкІакъым. Илъэс епщІыкІубланэм иту сымаджэ хъури, дунейм ехьжащ ди адэ къуэш нэхъыщІэ дыдэр. Аниуар зэрыщымыІэжыр псом хуэмыдэу зыхащІат и адэшхуэ-анэшхуэми, шэч зыхэмылъыжращи, къэзыльхуахэми и анэкъилъхуэхэми.

Зи ныбжь хэкІуэта цІыхухъуэр псом нэхърэ нэхъ Іейуэ зыщщышынэхэм ящыщщ, езыхэм япэ я щхьэгъусэхэр ищыщ. ГурыІуэгъуэщ абы лъабжьэ хуэхъури, ауэ Алыхьым ихуатэкъыми, ди дадэм и лъэІур къыхуищІакъым. Апхуэдиз гуауэ зыгъэва анэгур нэхъ пасэу къэзыІыаІ. Хьэкlашэ и щхьэгъусэм илъэсиблКІэ кІэлъыплъэжащ, и насыпти лъэрытету, и акъылыр жану къыхуиухар ирихьэкІащ, и къуэрылъху бину блы ильагъужащ. 1963 гъэм ар дунейм ехьжащ.

И гуащэ-тхъэмадэр щыпсэуи, иужькІэ езыр дунейм тетыхукІи, ди анэшхуэм зэи ди кузбжи, унэбжи дгъэбдІащ, Іункъыбзэ етту идэу щытакъым. «Анаа, Садин къэкІуэжмэ, ди бжэхэр гъэбдыдауэ къыщІэмыхьэжыфу дауэ хъунт?», - жиІэрт. Апхуэдизу, угуэм иту кхъухьльатэ щыблэлъэтхэм деж, «Сабийм фи лъэІур нэхъ зыхихынщ!», - жиІэрти, - «Ялыхь, мобы ди Садин къиГэкІыж», - жыІЭу тхъэ дригъэлъэІурт. Ди сабий акъылхэм къызэритІэсымкІэ, ар къыщыкІуэжынур зэгуэр къэсынут. «Дадэ и ГыусэУ удэшцэ дыкІуат е щхьэл дыщыІат», - жызыІэ ди ныбжьэгъуэхэм хуэдэу дэри зэман къытхуихуэжу дыщыгугъурт. Нэхъ бэлигъ дыкъэхъуу, а ди лъэІуэмрэ хъуапсапІэмрэ къызэримыкІыныІар къыдгурыІуами, ди анэшхуэр 1987 гъэ хъуху дунейм тетати, зы махуи и гугъэр химыкъыжауэ псэуащ. И ахърэтыр фІы Тхъэм ищІ!

Ди анэшхуэм и бынхэм ящыщу нэхъыщІэ дыдэ Фенэщ диІэжыр. ПсэухукІэ къэзылъхуахэм яхуэфащэу, зыхэтхэм фІыкІэ къахэщу, зыІэрыпта Іэнатіэмрэ я унагъуэхэмрэ, яхуэпэжу псэуащ ШэрІужь Садинрэ Лизэтрэ я бынхэу Хьэсэн, Іэуес, Толэ сымэ. Хьэсэн щІалэ цыкІуу колхозым учётчикыу щыщІидзэри, итІанэ уухаКІуэхэм я бригадиру зыгъэкІуэри, а Іэнатіэм пэрытащ илъэс щыкІуэм ящыщу псэууэ къэнар, ари гъэр хъури, нэмыцІэлуэм гугъуехьышхуэ щигъэву исащ. Зауэр иухыу хуит къащІыжа нэужьи, дыдейжэм ягъэтІысыжри, илъэсипщІкІэ тутнакъэщым исыжащ. Мыцэ лІэуэ загъэжахэм щехьэпсэ кудрэ къызэрыхуихуар жиІэжырт - хьэзаб кудэ щишэчын хуей хъуащ абы лъэныкъуитІымкІи. Дауэ щытми, и ажал къэсатэхьми, зы щІалэрэ хъыджэбзитІрэ игъэтыжри зыкъомрэ псэужащ. Гъэру щытахэм я Іуэхум хэплъэжу щагъэзэхуэжа зэманым эмысу, епцІыжакІуэ псалъэ дыджыр и цІэм пыту, абы ирибамПІэурэ лІэжащ.

Хэкlуэдащ а зауэм Хьэкlашэ ипхъу закъуэ Марьян и цхьэгъусэ Взрыкъуэ Хьэжмуриди, зы хъыджэбз фІэкІа зэдамыгъэтауэ ари дашат. Зауэр уВыІа иужькІэ, илъэсиц нэхъ дэмыкІыу Мэрьян тхъэмыщкІэри сымаджэ хъури дунейм ехьжащ.

ЗэрытщІэщи, зауэр Іэ щыІэкІэ зыхъэмыІэба унагъуэ куэд щыІэкъым, ауэ бынихьи ящыщу зы фІэкІа уимыІэжу, абыи епцІыжакІуэ къыфІакІэ щэрэ лъэхъуэщхьи иратгъэтІысхьажэ, гуауэм и гуауэжщ. А зэманым ЗьхэкІа щэрэ ДиІрэ я псэм хьэзабу тельар къызыгурыІуэфынур мащІэщ. Ауэ щыІэт иджыри апхуэдизу гуауэр зымащІэкІэ ящхьэщызыхьыу, я гур зыгъэфІ къару гуэр. Ар бын пэлъытэ яхуэхъуа ди анэшхуэ Адэтрэ я къуэрылъхуэрылъхуэмэрэт.

Я ныбжькІэ мыщІалэжми, гуащэ-тхъэмадэри Іэпэгъэлъэгъуэ зыхуэхъуу, абы къышщынэмыщІауэ, и дэлъхуиблым ящыщу къэнаищыри къытеубгъуауэ, Іэмал зэрагъэтКІэ гугъуехьэр зэрыщхьэщхьыкІэ яхуэзэфІэкІ къамыгъанэу зыкъыщІагъакъуэурэ ипІащ ди анэшхуэм и бынхэри, и щыкъуэ Мышэрэ и щыпхъу Мэрьянрэ къащІэна къыщжьбз зырызри. Уеблэмэ дэ балигъ дыхьуху, Тамарэрэ Сэмарэрэ, ди анэшхуэм ешым и бын дыдэу фІэкІа тщІакъым, апхуэдизкІэ ейм пимыдзыхыу къигъэхъуати.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, ШэрІужьхэ ХьэкlашэрэДиІрэ я нэгу щІэкІын хуейуэ я натІэм къритхар абыкІи зэфІэкІакъым. Илъэс епщІыкІубланэм иту сымаджэ хъури, дунейм ехьжащ ди адэ къуэш нэхъыщІэ дыдэр. Аниуар зэрыщымыІэжыр псом хуэмыдэу

ШЭРІУЖЬ Асльэн.
Псыгуэнсу къуажэ

Къэпкъ и къуэпс гъуркъым

Пщыбий лъэпкъыр къуэпсышхуэ зиІэу куэд лъандэрэ къэкІуэкІ. Си шынэхьыжь Инал итхамкІэ сыарэзыуэ, сэри зымащІэ щІызгъужыну сыхуейт.

ДИ АДЭШХУЭ Пщыбий Хьэжы-Къазийрэ ди адэ Хьанджэрийрэ цІыху жумаргту, гущІэгъуэрэ гупытэрэ яхэлъу, зэфІэкІышхуэ ябгъэдэлъу щытащ. Ахэр дапщэщи ядэІэпыкъурт тхъэмыщкІэхэм, къулейсызхэм, пщІэрэ нэмысрэ яхэлъу, нэгъуэщІым щІэмыкІэу, дэмыпсэльейуэ жьлэм дэсащ.

Къазий езым и мыпкъыкІэ Къыльбийхьэбгъэ къуажэкІэм мэжджыт екІу дригъэщІыхьэуэ щытащ ди лъапсэм и гупэм кьиту. Тыкуэн бжэІупэм псыкъуий къыщригъэтІауэ зэрыщытари цІыхухъэм ящІэж. Ди адэшхуэм и фІыгъэт къыльшбийдэсхэм я Іэщхэр гъэмахуэм щаІыгъ хъупІэ щхьэхуэ зэраІэри. А Іуэхугъуэхэм щыхьэт техъуэ тхыдэ дафтэрхэр щыІэщ.

Ди адэ Хьанджэрий хьэрычэтыщІэу, хьэлэлу зэрыщытар кьыхуэ ди къуажэгъу журналист цІэрыІуэхэу Бекъан Чыланийрэ Мэрем Задинрэ я кьалэмыпэм къыпыкІа очерк купщІафІэхэм. Абыхэм итщ ПащІэ Бэчмырзэ Тыркум кІуэну мурад щищІам щыІуэу, абы ди адэр паспорт зэгъэпэщыныкІи мыпкъукІи щІэгъэкъуэн хуэхъуауэ зэрыщытар. Си шыпхъу нэхъыжь Хьанигуащэ, ди хьэблэлІхэу ПащІэ Мухьэмэд, Хьэжъуй Тыгъуэн, Нэгъуей Музэчыр сымэ зэрыжаІэжымкІэ, Бэчмырзэ сымаджэ хьэлъэ щыхьэцами, ди адэм абы гулъытэшхуэ хуищІауэ щытащ, ди унэ кьишэри щигъэІащ.

Пщыбийхэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым нэмыщІ, Адыгейми, Сириеми, Иорданиеми, Израилми щопсэу. Дэнэ щыпІэ щыІэ ди лъэпкъэгъуэхэри дызэрыІыгъщ, дызэрощІэ, дызэкІэлъэкІуэ. Ди лъэпкъ дамыгъэри зыщ, зэтохуэ. Дамаск щыпсэу ПщыбийИхэ ильэс зыбжанэ ипэкІэ драгъэблэгъауэ щытащ си къуэшымрэ сэрэ. Инал и Іуэхур хуэкІуэрэтэкъымкІи, ди унэкъуэщ Мышэ зыщІыгъэри абы дыкІуат, махуэ тІощІи щІэри щыгъуэкІи дыщыхьэщащ. Абы хьэлэмэт куэд щыдагъэлъэгъуащ. Дыщыіащ Хьэкlашэ Гуэнейтрэ щІыпІэм, ягъэ адыгэхэр щыпсэуа хэщІапІэм. Дамаск дэт мэжджытышхуэми дашат, ди нэгу фІыуэ зэрагъэужьат. ИужькІэ езыхэри къытКІэлъыкІуащ. Нэгъаби дэ дежь щыхьэщІащ дамаскдэс Пщыбий Камал. Ди лъэпкъым и къеКІуэкІыкІамрэ и нобэмрэ зыфІэхьэлэмэт хэкупсэм щыкІуэжым здихьэщІащ Инал и къалэмпэм къыпыкІа ПщыбийИхэм я «Нартан дэс Пщыбийхэр» тхылъ гъэщІагъэныр.

Тхъэм и фІыщІэкІэ, дэ къытщІоувэ уэзэрыгушхуэ, уэзэрыпагэ хьуну щІэблэ узынщэ. «Лъэпкъ и къуэпс гъуркъым» жеІэ адыгэ псалъэжьым. Лъэпкъ узынщэ дяпкІи Тхъэм дищІ!

ПЩЫБИЙ СультІан,
журналист, тхакІуэ.

Быжым и гъуэгуанэ

СССР-м и НКВД-м щыІэ зиІэ и лэжьакІуэ Быж Хьэцу Мэту и къуэр 1910 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м Къулъкъужьи Ищхэр къуажэм къыщалъхуащ. Налшык педагогикэ техникумыр къиуващ. 1934 гъэм къыщыщІэдзауэ КъБАССР-м и НКВД-м хэтащ. 1936 гъэм Быжым къиуващ СССР-м и НКВД-м Дон Іус Ростов щиІэ еджапІэр.

ХэКУ зауэшхуэм и зэманым НКВД-м КъБАССР-м щызэщІигъэІуэ гуп хэхам и Іэтащхьэ ар щытащ. 1943 - 1944 гъэхэм хъунщІакІуэхэм япэщІэтыныкІэ къудамэм и унафэщІ ящІащ.

Быжыр 1947 гъэм къыщыщІэдзауэ 1951 гъэ пщІондэ КъБэрдей АССР-м и МВД-м и ОИТУ-м япэщІыкІэ унафэщІым и къуэдзэу, итІанэ унафэщІэжащ.

1951 гъэм и жэпуэгъуэм къыщыщІэдзауэ 1953 гъэм и накъыгъэ пщІондэ подполковник Быжыр КъАССР-м къэрал кІуэцІ ІуэхуэмкІэ и министрым и къудамэщ. 1952 гъэм къиуващ Милицэм и школ нэхъыщхьэр.

Хэку зауэшхуэр щкІуэкІа илъэсхэм партизан Іуэхум зэрыхэтам, апхуэдэу и гуащІэ емыблэжу илъэс куэдкІэ и къулыкъур зэрырихьэкІам къыхэкІыу, Быжым бзыхуагъэфэщащ Бэракъ Плъыжь, Вагъуэ Плъыжь (тІэу) орденхэмрэ «Зауэм къыщІэльэпсэгъуа лІыгъэм папщІэ», «Хэку зауэшхуэм и партизаным», «Кавказыр зэрихъумам папщІэ», «Германием зэрытекІуам папщІэ» медалхэмрэ.

1942 гъэм абы къыхуаІэгъэфащащ «СССР-м и НКВД-м щыІэ зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр.

1953 - 1955 гъэхэм депутатхэм я Налшык къалэ Советым ар хэтащ, 1953 гъэм къыщыщІэдзауэ КПСС-м и Іуащхьэмахуэ щыІэнатІэ комитетым и япэ секретарь хъуащ.

1954 - 1956 гъэхэм Быжыр КъАССР-м и МВД-м щылэжьащ. Илъэс 20-м щигъэкІэ «Южтехмонтаж» Іэхуэцлъапхъэ щыІэ. Ар ЗьхэкІэ щыІэ кадрхэмкІэ и къудамэм и унафэщІу щытащ. Быжыр дунейм ехьжащ 1988 гъэм шыщхьэІуэм и 30-м.

КЪАНЩАУЭ Мэлычпхъу.

« Іуащхьэмахуэ 5642 » щІэныгъэ-егъэджэныгъэ проектым и Іуэхукlэ

Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхъэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ щекІуэкІащ «Нейтрино: интеллект системэхэр, ІэмалыщІэхэр, экономикэ щхъуантІэр» щІэныгъэ-егъэджэныгъэ центрыр къызэгъэпэщыныкІэ онлайн-зэхуэс убгъуа. Щ1эныгъэ зэхуэсым къырихьэлІахэм зэпкърахащ «Іуащхьэмахуэ 5642» проектым и къеХьэжьакІэ хъунум епха Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр, абы пыщІа тхылъымпІэхэм я гъэхьэзырыныр здынэсар, адэкІэ щІапхъэхэр зыубзыху планыр.

ЩІЭНЫГЪЭ зэхуэсым кърихьэлІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкlэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Езауэ Андзор**, щІэныгъэ-егъэджэныгъэ центрым хэту Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхьэрэ - Аланием кьикІа щІэныгъэлІхэмрэ Іэщ1агъэлІхэмрэ.

ЗэІущІэм и пэщІэдзэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и проректор **Хьэшыр Светланэ** кьыхиугъащІащ: «ЩІэныгъэ-егъэджэныгъэ центрыр къызэІуихыным фІыуэ хэлъыр щыІнальэм зэрыдыжьынум къыщыкъэрым, атІэ едгъэкІуэкІ лажьыгъэм и фІыгъэкІэ щІэныгъэр зи лъабжьэ технологие инхэр хэзыпщэ Іузхущ1апІэхэм къыщІагъэкІ хьэпшыпхэм, ящІэ Іузхутхьэбзэхэм зхьэкъуэ тетыкІныр ящхьэщыхьнущ. Абы уфІэкІыжмэ, щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ епха Іуэхущ1апІэу центрым хэтхэр «ЩІэныгъэ» лъэпкъ проектым и грант программэхэм тыншу кьихьэфынущ. Сэ фЫы дыдэу кьызэгурОІуэ, иджыпсту здгъэпэщыну зи яужь дит центрым хуэдэ зиІэ щІыналъэхэм уапеуэныр зэрыхьэлъэ дыдэр. Абыхэм щІэныгъэ грант кьыдэкъыщын и пІалъэр фІыуэ ящІэ, хьэрэхъурыкІэм зэхуэжьыщ, я ехъулІэныгъэхэми куэд щыгъуазэщ. Апхуэдэу щыт пэтми, уэзыпэмыльэщІ щыІэкъым. Ди гурагъэхэр кьыщыдэхъулІэнур ди къуармрэ зэфІэкІымрэ здгъэуІуэ нэужьщ. Абы щхьэкІэ кьыптэщыльтІ Іуэхухэм я инатІэмрэ мыхьэнэуэ фІымрэ фІыуэ кьыдгурыІуэн хуейщ. Псом япэрауэ, центрым хэт Іузхущ1апІэ 30-м я гуащІэр зэуІу щІауэ проектым и ешэжьымпи пыльъ ІыпэщхьэпохэР кьызэнэкІын, тхылъымпІэхэр икІэщІыпІэкІэ гъэхьэзырын хуейщ. ЕтІуанэрауэ, щІыпІэхэм къэрал унафэр щызэхьэ Іузхущ1апІэхэм запыщІауэ зи уж дитыр ягурыІуэныр, Іэмал зэриІэкІэ къызэдгъэзащІэн хуейщ. Дунейр зыхуэхІуа зыужьыныгъэм дызэрыльэІэсын щІэныгъэ дбгъэдэлъщ, дазэрыльэщІыхьэн зэгурыІуи димыІэу зхуэнукъым».

Урысейм щІэныгъэхэмкІэ академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым и унафэщІ **Нэгуей Залымхъан** арэзы техъуащ Хьэщыбыим жиІэхэм: «ЩІэныгъэегъэджэныгъэ центр кьызэгъэпэщыныр ди щІыналъэм дежкІэ кьызэрымыкІуэу Іузхугъуэшхуэщ, пщэрыльэ кьытщищІхэри инщ. ЩІыпІэ зыужьныныгъэм епхауэ зыхуэдгъэувыж кьалэнхэр щІыкІуфэкІуэкъым, абы кьыхэкІыуи, программэр егупсаауэ, лъэбакъуэ кьэс зэпэшэчауэ зэхэпхьэнэр кьыптэщылъщ. Къэльытэн хуейщ программэм и гъэззщІэнэр кьызэпызыудынкІэ хъуну шынагъэхэр, мылъку и лъэныкъуэкІэ кьыхэкІыну зэІумыбзэхэр. Программэр зэпымыууэ лэжьэн хуэдэу, и щыщІэныгъэхэр игъуэм кьыщІэтащ, и фІагъэмэ нэхъри зегъэубгъуа хъун папщІэ, центрым и кьэзгъэпэщыныр зи нэІэ щІэт гуп гъэнэхуауэ, тхъэмахуэ кьэс зэгъэуззэу, зэпэІудзами, зэрыщІэу щытыпхъэт».

«ЩІыпІэхэм къэрал унафэр щызезэныхэ Іузхущ1апІэхэм далъэжьэныр Іэмал зимыІэщ, - жиІащ Хетагуров Костя и цІэр зезыхьэ Осетие Ищхьэрэ къэрал университетым и проректор **Туаевэ Б

Адыгэ лъэпкъ театрым и гуащэ

ЖьакІэмыхъу КІунэ нобэ и махуэ лъапІэщ - илъэс 80 ирокъу

Лъэпкъ Іэхэу зыгъэкІуатэ, абы зезыгъэузщІ, зэчий зыбгъэдэлъ, фІыщІэрэ щІыхьрэ къэзылэжь цІыхухэм я гугъу щыпщІкІэ, пльэмыкІыу уоПейтей, зыгуэркІэ хуэфащэ псалъэхэр къэзмыгъуэтмэ, и екъуІэныгъэхэм ящыщ гуэр гулъытэншэу къэзгъанэмэ, жыпІэу. Атіэми, а цІыхум утепсэлъыхьыну тышщ, хужьыпІэнэр куэдщи, хуэзфІэкІар гъунэнэщэщи. Апхуэдэхэм ящыщ зыщ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и гуащэ зыхужьыпІэкІэ ущымыуэну ди артисткэ гъуэзэджэ, цІыху дахэ, анэ, нанэ Іущабэ �жьакІэмыхъу КІунэ.

ЖьАКІЭМЫХЪУР Шытхьэлэ къуажэм 1940 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м къыщалъхуащ. Хьэжбарэрэ Жэмгъэрэуэ апхъу Сэлихьэтрэ я унагъуэм къихуэа бын ебланэт КІунэ. Хьэжьысмел, Хужьлагуэ, Жанпагуэ сымэ Кэнжэ къыщалъхуащ, ахэр Шытхьэлэ Іэпхъуа иужь, Розэ, Жансурэт, Хьэпагуэ, КІунэ сымэ дунейм къытехащ...

Дэтхэнэ сабийми хуэдэу, сыт хуэдэ зэман хьэлъэ къыхалъхуами, дахагъэрэ гъащІэм хуиІэ лъагъуныгъэмкІэ Тхьэр зыхуэупса сабийти, дунейр тІэу пкІэгъуэ хуэхъуртэкъым абы. Дэтхэнэ зы хъыджэбз цІыкІуми ещхьу, гуащэ хьэпшып джэгур, уэрэд жьІэныр зыхилъхьэ щыІэтэкъым, кІэ имыІэу и благъэхэм я пащхьэм зыкъыщигъэлъагъуэрт. КІунэ, нэ пІащэ хьужаз, лъагъуэфІэт, Іущыэти, зыгуэрым зыпищІыжьину фІэфІт: хуэмыхъу бостей кІыхьышхуэ зыщитІагъэрти, хьэблэм дэсыр игъадыхьэшхырт, ягъэщІагъуэу дахэу джэгурт, къафэрт, уэрэд жьІэрт. «Фыкъапльи, фыкъэдаІуэ, - жаІэрт, - мы цІыкІум артист ин кхьихэкІынкІэ!»

И творческэ гъуэгуанэм къыщыщІидзэр

- Си адэ-анэм я дежщ си творческэ гъуэгуанэм къыщыщІидзар, - къыддогуашэ и гукъэкІыжхэмкІэ КІунэ. - Абыхэм къысхамылъхьамэ, сэ артист сызэрымыхъунум шэч хэлътэкъым.

Илъэситху фІэкІа сымыхъуу дунейм ехыжа си адэр сщІэжыркъым, ауэ абы макъ дахэ дыдэ иІэу, лІы гуп зэхуэса иужькІэ, уэрэд яжриІэфу, яфІэфУ къедаІуэу зэрыщытам сыщыгъуазэщ. Си анэращи, ар щыпсэуа зэманым апхуэдэ Іэмал игъэтамэ, искусствэм мыІейуэ зыгуэр зэхэщІыхьырэ цІыху къыхэкІынут. Сыту жьІпІэмэ, сурэт фІы дыдэу ищІырт, музыкэм хъарзынэу хищІыкІырт, сытым дежи ди унагъуэм илъ пшынэм къыдэкІуэу, иужькІэ мандолини аккордеони еуэу зригъэсат. Си анэр дахэ дыдэу зэрыщытам къищынэмыщІауэ, щІэныгъэм зэрыплэъэщІын акъыл жан зиІэ цІыхут, ауэ зэман хьэлъэмрэ бын куэдымрэ и щхьэ къарбгэІэтакъым. ХуэзфІэкІрати, быниблым Іэщ-Іагъэрэ щІэныгъэрэ ягъуэтынымкІэ и къару еблэжакъым. Мыхэр щІыкъисІэраци, талант яІэт. Абыхэм щахэлъкІэ, сэри си деж зыгуэр къэкІуащ, нэгъуэщІ искусство лІэужьыгъуэу - артистыгъэу!

ГукъэкІыж Іэфіхэр

- Илъэсих фІэкІа сымыхъуу си шыпхъу нэхъыжь унагъуэ ихьауэ Малкэ дэсым и деж сагъэкІуащ, и гуащэр жьы хъуати, Іэпыдзлъэпыдз хъунщ нэхъ мыхъуми, жаІэри. Школым и пэщІэдзэ классхэри аращ къыщызухэр, - жеІэ �жьакІэмыхъум. - Мис абы сыщыщІэм къэзгъэлъагъуэу щІэздзащ схэлъ гуэрхэр. Си шыпхъур фельдшер-акушеру къуажэм щылажьэрти, зэрыщІэкІыу и щыгъэнхэр щысТІагъэрт, и тофлъэ лъэдакъэхэр, къызэлъахъшэкІмэ, нартыху жэкІи исПхьэрт, лъыстІагъэрти, Арсен (псэужьхъым, и ахъэратыр нэху Тхьэм ищІ) тезгъэуН щІэздзэрт (мэдыхьэх - И. З.) Я хадэр зэрируху бгы къыщытти, абы дэсшейрт си шыпхъум и къуэ цІыкІури, уэрэд жесІэу, къуажэм дыкъыхэлъпІэу дытест.

МыдэкІэ зыгуэр къызгурыІуэ щыхъуам щыгъуэ усэм сыдиихьэрт, мыІейуэ макъ сиІэуи къыщІэкІат. Театр училищэм сыщыщІэтІысхьам уэрэд жьІэныкмкІэ дезыгъаджэм къызжиІауэ щытащ макъ хъарзынэ сызэриІэр. Ауэ къэзгъэсэбэкъым, макъым уемыпэжьмэ, зиужьынукъым, арати сфІэкІуэдащ а зэфІэкІыр.

Нэм фІэбэр Іэбэм еух

Дзэ дохутыр хъуну щІэхъуэпс и анэм йодаІуэри, медучилищэм и тхьапхэр щІелтхъэ КІунэ. Зы экзамени итыну хунэсауэ, къалэм хъыбарегъащІэ щелъагъу къафэмрэ уэрэдымкІэ ансамблым хагъэхьэн къызэрыхахыр иту. Зыми яжримыІэу макІуэ, уэрэд жрагъэІэурэ нэхъ макъ дахэ зиІэхэр къыхахыу арати, къащтахэм КІунэ яхохуэ. «Мис а дакъикъэхэра къыщІэкІынщ си лъым зыкъыщызигъэщІар», - жеІэ КІунэ.

Сыгуэзвапэурэ зи деж сыкъыщыувыІэ си дэлъху нэхъыжь Хьэжьысмел «зыхэсщІыхьар» хуэзІуата. СыкъыззэрыгурыІуэнум щэч къытесхьэртэкъым, сыту жьІпІэмэ лъэпкъым щхьэкІэ зигъэлІэжьынут абы, и ахърэтыр нэху Тхьэм ищІ. Адыгэм я щэнхабзэм, я псэукІэм, я щІэныгъэм ехьэлІа ехьулІэныгъэ щыІэххэмэ, и щхьэкІэ кьеуэлІа фІыгъуэ гуэру фІэкІа къилъытэртэкъым. Хьэжьысмел бзэщІэныгъэлІу щытащ, ар яхэтащ япэ адыгэ-урыс псалъалъэ зыгъэхьэзырахэм, лъэпкъ Іуэрыуатэр зэхуэзэныхэсыжа ди щІэныгъэлІхэм.

«Ди анэм и жагъуэ хъуну къыщІэкІынщ дохутыру уемыджэмэ», - щыжиІэм, уи щалъэгъэмэ тегушхуэгъуафІэкІэ, а псори сихуэзджэкьыну си гугъэу Хьэжьысмел къэзгъэгубащ. Арщхьэкіэ кІэлъыкІуэ экзаменым сыкІуэжакъым.

Къафэмрэ уэрэдымкІэ ансамблым мазэ хъуат сызэрыщыщлажьэрэ. Пщыхьэщхьэу си дэлъхум деж сыщІыхьэжауэ, Хьэжьысмел и хьэщІэт ди благъэ артист цІэрыІуэ Токъуий Хъусен. КъысщІэупщІащ, артист Іэщагъэм сыдиихьэхмэ, Дон Іус Ростов къыщыззІуата училищэм цІыхупщІ хъууэ ягъакІуэ гупым сыкъыхэ хъунуи къыжриІащ. «Медучилищэти хорти жиІэу, зэ зымкІэ, зэ адреймкІэ зедз. Хуейуэ щытмэ, уэлэхи, сэ сыпэрымыуэну», - жиІащ Хьэжьысмел. Ар зэхэсхауэ сыкъыпхуэгъэузыВыІэжьнт! Дон Іус Ростов ягъакІуэхэр къыщыхахыр адыгэ театрырати, абдеж къыщызодаІуэ. Пушкиным, Островскэм, Крыловым я тхыгъэ гуэрхэм сыкъызэреджар фІы дыдэу сощІэж. КъэпщытакІуэ гупым «ухъунущ» - къызжаІащ. Апхуэдэу театрым и гъэзэгъэшхуэм сыкъытехутауэ жьІпІэ хъунущ.

Артисткэм и зэфІэкІыр

Илъэсипліпкіэ щеджа училищэм и егъэджакІуэхэм къащІат КІунэ и зэфІэкІри, студентхэм я диплом лэжьыгъэу къащта спектаклым, Горький Максим и «Последние» пьесэм къытращІыкІам, Коломейцевэ Софье и ролыр щигъэзэщІэну кьыхуагъэфэщат. ФІы дыдэу къеХуэліат ар ЖьакІэмыхъум. Арати, и диплом лэжьыгъэр «тху»-кІэ ятри, училищэр екъуІэныгъэкІэ кьеух.

Адыгэ хъыджэбзэр апхуэдизкІэ фІыуэ къалъгъуат, и зэфІэкІри къалъытати, Дон Іус Ростов дэт театрым къэнэну къыхуагъэлъэгъуат, нэгъуэщІ къалэхэми кьикІыурэ удэзыхьэх псалъэ Іэфіхэр кьыжраІэрт. Псалъэм папщІэ, ерджэнэр зэриуныу ар ирагъэблагъауэ щытащ ГДР-м щыІэ уэрыс театрхэм ящыщ зым, Ереван къалэм дэт, Станиславскэм и цІэр зезыхьэ урыс драмэ театрым, Горькэм и цІэр зезыхьэ Ростов театрым. Училищэр щытхъу пылпу къэзыуа актрисэ щІалэр езым и деж щигъэлэжьэну хуейт Къэбэрдей-Балъкъэр урыс къэрал драмтеатрым и директор Яралов Александр. Ауэ ЖьакІэмыхъум Къэбэрдей театрыр къыхихащ икІи и гъащІэ псор абы тІухь хуищІащ.

Япэ ехъуліэныгъэ

Лэжьэн зэрыщІидзэу ехъулІэныгъэр занщІэу къыхуэкІуауэ жьІпІэ хъунущ КІунэ.

- КъыщІэзгъэззэкам театрым и Іуэхур фІы дыдэт, артистхэри си ахъыршэманыгъэт, сыт хуэдэ пьесэми пІэлъэщынущ, жьІпІэу, - игу кьегъэкІыж ЖьакІэмыхъум. - Сызыпэмыплъа гуапагъэкІэ къыслушІащ сэ театрым и лэжьакІуэкэр. Абы и зы щхьэусыгъуэр сэ нэхърэ нэхъ щІалэ зэрахэмытыр арагъэнт. Илъэс 23-рэт сыззэрыхъур абы щыгъуэ, ДыщэкІ КІунэ, Балъкъэр Калисэ, Сонэ Мухьэрбий, Сибэч Быхуэ, ТІыхъужь Алий сымэ, нэгъуэщІхэми я нэІэ къыстрагъэтащ, къызДэІэпыкъуащ зэралъэкІкІэ. «Зэныбжьэгъуищ» спектаклырат пІэ дыдэу сыщыджэгуар. Абы Дыщэкі КІунэрэ ТІыхъужь Алийрэ хэтти, утыку къызэрихьэхэу Іэгуауэкіэ ирагъэблагъэт. СощІэж, я дэ ди Тхьэ, сэри зэгуэр апхуэдэу щІыхухэм пщІэ кьысхуащІу сыхъуну пІэрэ, жьісІэу абы сыщІэхъуэпсу зэрыщытар. КъыкІэпльыкІуэу Бэлэ и ролырщІ кьызатар. Абы щыгъуэ си дэлъху Хьэжьысмел сымаджэщым щІэлъти, къыщІэкІри еплъат. Спектакль нэужьым нытхьыащ, артистхэр псори ицІыхути. Дауэ къыпщыхуэха, жьихуэсІэу сыщеплъым: «СыукІытэу си щхьэр есхьэхакъым», - къызжиІащ. Щытхъу къызэхьэдэщыгъуей си дэлъхум, адэ папщІэу ткІийуэ къытщхьэщыстым ар къызжиІэнэр си дежкІэ мащІэтэкъым.

Зэщхьэгъусэхэр

ЗэрыщтІэщи, артистыфІ ди мащІэкъым, атІэ УФ-м щыхь зиІэ и артистхэу ЖьакІэмыхъу КІунэрэ Мысостышхуэ ПщыІзэбийр (Пщыізэбий нобэ кьыгъэмытыжми, зэщхьэгъусэхэм зэгъусэу тІэкІу я гугъу сымыщІын сльэкІынукъым) щхьэ пльэмыкІыу гу зыльъуагъатэу пІэрэт? Абы и жэуапыр сэр-сэру къыщыщІыхьэхьэжкІэ сыкъызытеГыкъуащ. СощІэж, я дэ ди Тхьэ, сэри зэгуэр апхуэдэу щІыхухэм пщІэ кьысхуащІу сыхъуну пІэрэ, жьісІэу абы сыщІэхъуэпсу зэрыщытар. КъыкІэпльыкІуэу Бэлэ и ролырщІ кьызатар. Абы щыгъуэ си дэлъху Хьэжьысмел сымаджэщым щІэлъти, къыщІэкІри еплъат. Спектакль нэужьым нытхьыащ, артистхэр псори ицІыхути. Дауэ къыпщыхуэха, жьихуэсІэу сыщеплъым: «СыукІытэу си щхьэр есхьэхакъым», - къызжиІащ. Щытхъу къызэхьэдэщыгъуей си дэлъхум, адэ папщІэу ткІийуэ къытщхьэщыстым ар къызжиІэнэр си дежкІэ мащІэтэкъым.

Псалъэ гуапэ куэд хъуркъым

ЖьакІэмыхъу КІунэ и лэжьыгъэм, и гуащІэм теухуауэ Іэджэ жаІащ, шэч хэмылъу, дяпэкІи жаІэнущ. Ди тхыгъэр ныкъуэ хъунт абыхэм ящыщ зыбжанэ къэдмыхьамэ.

Нало Заур, *КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ:* - Мы Къэбэрдеижьым махуэ хъэс шыкур хуэщІын хуэщІ ЖьакІэмыхъу КІунэ къызэрыдитам щхьэкІэ. Абы хуэдэ актрисэ диІаэу сщІэркъым, ауэ дяпэкІи ЗенІну сыщогугъыр. Нэри къэсыжауэ артистышхуэщ КІунэ. Акъыл ищІ, щІэныгъэ бгъэдэлъщ, псэ дахэ хэлъщ. Сэ сощІэжыр «Барабанщица» («Ажалым ебэдэфэ хъыджэбз») пьесэм къытращІыкІа спектаклым КІунэ зэрыщыджэгуар. Апхуэдэу джэгуфэ КІунэ фІэкІа слъэгъуакъым. Нэсри къыгъэззэкауэ художникышхуэу дигъэлъэгъуащ Снижко Нилэ и образыр.

Москва апхуэдэ актрисэ щагъуэтамэ, Іэплпкіэ къыщыхьэжкІынт.

2008 гъэ

ІутІыж Борис, *КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ, драматург:* - Актёрым анэдэлъхубзэр гъэхуауэ, ириджэгуу, удихьэхыу, текстым и «щІыфэр» зыхищІэу, къыхэгъэщхьэкъыІыпхьэмрэ «щІэбзэу» кьэнэн хуейхэмрэ зыхигъэкІыфу, ди бзэм и хабзэм театр адыгэ гупсысэкІэр тегъэпсыхьауэ текстым и арэктекториэр ихуэфу щытын хуейщ. Ар къэхъулІэн щхьэкІэ, псом япэрауэ, бзэр пщІэ къудей мыхъуу, зыхэпщІэу, абы ухапІыкІауэ, псалъэхэм я мыхьэнэ пажэхэм нэмыщІкІэ, текстым щагъуэт мыхьэнэ гуэдзэхэри къэппхъуэтэфу, псалъэжьхэм, псалъэ шэрыуэхэм къарыкІымрэ я кхъэхуКІэмрэ хъарзынэу уцыгъуаззу, сценэм щыкьыжпІэ псалъэхэм интонацэ и лъэныкъуэкІэ ахэр тыншу хэбухуэнэфу ущытын хуейщ.

КІунэ хуэдэу ар къызэхъулІэ щыІэхъым, абыкІэ щапхъэ артисткэм трах хъунущ адыгэ сценэм иІэн хуей щэнхабзэ лъагэм хущІэкъуэхэм.

2008 гъэ

Къэжэр Борис, *КъБР-м и цІыхубэ артист: -* ЖьакІэмыхъу КІунэ зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ артисткэщ. Сыт щыгъуи театрым гурэ псэкІэ хуолажьэ. Псалъэкіэ къыпхуэмыІуэтэн хуэдиз гуащІэ хэлъщ КІунэ. Сыт и лъэныкъуэкіи ар цІыху дахэщ, цІыху пэжщ, нэгъэсауэ артистыкфІми и щапхъэщ. ЖьакІэмыхъу КІунэ хуэдэ цІыху щэджащэ псалъэкъым уиІэнырэ насыпщ. Ар лъэпкъ гупсысэрэ адыгэбзэмрэ я хъумакІуэщ.

2015 гъэ

Ширдий Маринэ, *КъБР-м щыхь зиІэ и журналист: -* Артист Іэщагъэр Іэщагъэшхуэщ. Псом хуэмыдзу телъыджэщ ди адыгэ артистхэм я зэфІэкІыр. Ди театрым зэман зэхуэмыдзэкэм щыджэгуа гупхэм яхэтащ, иджыри яхэтщ дуней псом цІэрыІуэ щыхъуа, «вагъуэ» къызыхащІыкІа актёрхэм я зэфІэкІым хуэдэ зиІэ.

ЩыІэщ цІыхум къигупсыса дунеймрэ (абы кьиІуатэр пэж дыдэу, таурыхъэу, ауану, гушыІэу щытми) ящІэ «пэжымрэ» зыдэзыхьыкфхэр, театрыр я гъащІэмэ, я гъащІэр театр ямыгъэхъуныр зыхуэзфІэкІэр. ЖьакІэмыхъу КІунэ абыхэм ящыщ зыщІ.

КІунэ цІыхум фІыуэ къыщІалъагъун тепльэрэ зэфІэкІрэ иІэу Тхьэм къигъэщІ закъуэтІакъуэхэм ящыщщ. Абы и насыпт кьихьащ къызыхуигъэщІар Іэщ-Іагъэ хуэхъуну, лъэпкъ щэнхабзэм, театрым и тхыдэм къыхэнэну.

Лыкъуэжь Нелли, *тхакІуэ:* - Мащ-ІэкуэдмИ, илъэсипщІым щІигъэкащ ЖьакІэмыхъу КІунэ теухуа «Ди КІунэ» («КУна непоВторимая») тхыпІэ-журналыр зэрыэгъэхьэзырра. ЩыхУ гъащІэр къызогъанэри, творческэ гъэуганэкІи ар мащІэкъым. КІунэ хужаІа псалъэ дахэхэм сыт дыщІыгъужьыфІи нобэ? Ди гупсысэр кІащхъэ хуэхъуа апхуэдиз щытхъыр зыжьаІа артистым хьэмэ, зэман дэкІыу, ди еплъыкІэм зыгуэркІэ зихьуэжа, жьісІэу сызоупщІыж. Зихъуэжащ. Зихъуэжам и мызакъуэу, гупсысэм зедгъэубгъуащэрэт, нэхъ кууэ ар «етПыхащэрэт», дыкьыщысщІипльфарэт жыдоІэ.

КІунэ и гуащІэм лъэныкъуэ зыбжанэкІэ аргуэру зэ сыхэпльэжьынут.

Ялэу. Ди лІэщІыгъуэм къэунэхуа щІэныгъэлІ нэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщу къалъытэ «Международная академия каббалы» къэхутэныгъэм и тхьамадэ Лайтман Михаэль. А щІэныгъэлІым и къэхутэныгъэхэм ялкъ иткІэ дунейм убгъэдыхьэмэ, ар зэтезыІыгъэфыну щыІэжьр зэрыІыгъыныгъэмрэ лъагъуныгъэмрэщ. ЖьакІэмыхъу КІунэ цІыху куэд фІыльагъунигъэкІэ зэщІешэ, нэгъэщІу жьІпІэмэ, гурыщІэ кьабзэкІэ цІыхухэр зэпэгъунэгъу ещІри, ар цІыхухэм ятрегушэж.

ЕтІуанэу. Адыгэм я щэнхабзэм, я псэукІэм, я щІэныгъэм ехьэлІа ехьулІэныгъэ щыІэххэмэ, и щхьэкІэ кьеуэлІа фІыгъуэ гуэру фІэкІа къилъытэртэкъым. Хьэжьысмел бзэщІэныгъэлІу щытащ, ар яхэтащ япэ адыгэ-урыс псалъалъэ зыгъэхьэзырахэм, лъэпкъ Іуэрыуатэр зэхуэзэныхэсыжа ди щІэныгъэлІхэм.

«Ди анэм и жагъуэ хъуну кьыщІэкІынщ дохутыру уемыджэмэ», - щыжиІэм, уи щалъэгъэмэ тегушхуэгъуафІэкІэ, а псори сихуэзджэкьыну си гугъэу Хьэжьысмел къэзгъэгубащ. Арщхьэкіэ кІэлъыкІуэ экзаменым сыкІуэжакъым.

Къафэмрэ уэрэдымкІэ ансамблым мазэ хъуат сызэрыщыщлажьэрэ. Пщыхьэщхьэу си дэлъхум деж сыщІыхьэжауэ, Хьэжьысмел и хьэщІэт ди благъэ артист цІэрыІуэ Токъуий Хъусен. КъысщІэупщІащ, артист Іэщагъэм сыдиихьэхмэ, Дон Іус Ростов къыщыззІуата училищэм цІыхупщІ хъууэ ягъакІуэ гупым сыкьыхэ хъунуи къыжриІащ. «Медучилищэти хорти жиІэу, зэ зымкІэ, зэ адреймкІэ зедз. Хуейуэ щытмэ, уэлэхи, сэ сыпэрымыуэну», - жиІащ Хьэжьысмел. Ар зэхэсхауэ сыкьыпхуэгъэузыВыІэжьнт! Дон Іус Ростов ягъакІуэхэр къыщыхахыр адыгэ театрырати, абдеж къыщызодаІуэ. Пушкиным, Островскэм, Крыловым я тхыгъэ гуэрхэм сыкьызэреджар фІы дыдэу сощІэж. КъэпщытакІуэ гупым «ухъунущ» - къызжаІащ. Апхуэдэу театрым и гъэзэгъэшхуэм сыкьытехутауэ жьІпІэ хъунущ.

Артисткэм и зэфІэкІыр

Илъэсипліпкіэ щеджа училищэм и егъэджакІуэхэм къащІат КІунэ и зэфІэкІри, студентхэм я диплом лэжьыгъэу къащта спектаклым, Горький Максим и «Последние» пьесэм къытращІыкІам, Коломейцевэ Софье и ролыр щигъэзэщІэну кьыхуагъэфэщат. ФІы дыдэу къеХуэліат ар ЖьакІэмыхъум. Арати, и диплом лэжьыгъэр «тху»-кІэ ятри, училищэр екъуІэныгъэкІэ кьеух.

Адыгэ хъыджэбзэр апхуэдизкІэ фІыуэ къалъгъуат, и зэфІэкІри къалъытати, Дон Іус Ростов дэт театрым къэнэну къыхуагъэлъэгъуат, нэгъуэщІ къалэхэми кьикІыурэ удэзыхьэх псалъэ Іэфіхэр кьыжраІэрт. Псалъэм папщІэ, ерджэнэр зэриуныу ар ирагъэблагъауэ щытащ ГДР-м щыІэ уэрыс театрхэм ящыщ зым, Ереван къалэм дэт, Станиславскэм и цІэр зезыхьэ урыс драмэ театрым, Горькэм и цІэр зезыхьэ Ростов театрым. Училищэр щытхъу пылпу къэзыуа актрисэ щІалэр езым и деж щигъэлэжьэну хуейт Къэбэрдей-Балъкъэр урыс къэрал драмтеатрым и директор Яралов Александр. Ауэ ЖьакІэмыхъум Къэбэрдей театрыр къыхихащ икІи и гъащІэ псор абы тІухь хуищІащ.

Япэ ехъуліэныгъэ

Лэжьэн зэрыщІидзэу ехъулІэныгъэр занщІэу къыхуэкІуауэ жьІпІэ хъунущ КІунэ.

- КъыщІэзгъэззэкам театрым и Іуэхур фІы дыдэт, артистхэри си ахъыршэманыгъэт, сыт хуэдэ пьесэми пІэлъэщынущ, жьІпІэу, - игу кьегъэкІыж ЖьакІэмыхъум. - Сызыпэмыплъа гуапагъэкІэ къыслушІащ сэ театрым и лэжьакІуэкэр. Абы и зы щхьэусыгъуэр сэ нэхърэ нэхъ щІалэ зэрахэмытыр арагъэнт. Илъэс 23-рэт сыззэрыхъур абы щыгъуэ, ДыщэкІ КІунэ, Балъкъэр Калисэ, Сонэ Мухьэрбий, Сибэч Быхуэ, ТІыхъужь Алий сымэ, нэгъуэщІхэми я нэІэ кьыстрагъэтащ, къызДэІэпыкъуащ зэралъэкІкІэ. «Зэныбжьэгъуищ» спектаклырат пІэ дыдэу сыщыджэгуар. Абы Дыщэкі КІунэрэ ТІыхъужь Алийрэ хэтти, утыку къызэрихьэхэу Іэгуауэкіэ ирагъэблагъэт. СощІэж, я дэ ди Тхьэ, сэри зэгуэр апхуэдэу щІыхухэм пщІэ кьысхуащІу сыхъуну пІэрэ, жьісІэу абы сыщІэхъуэпсу зэрыщытар. КъыкІэпльыкІуэу Бэлэ и ролырщІ кьызатар. Абы щыгъуэ си дэлъху Хьэжьысмел сымаджэщым щІэлъти, къыщІэкІри еплъат. Спектакль нэужьым нытхьыащ, артистхэр псори ицІыхути. Дауэ къыпщыхуэха, жьихуэсІэу сыщеплъым: «СыукІытэу си щхьэр есхьэхакъым», - къызжиІащ. Щытхъу къызэхьэдэщыгъуей си дэлъхум, адэ папщІэу ткІийуэ къытщхьэщыстым ар къызжиІэнэр си дежкІэ мащІэтэкъым.

Зэщхьэгъусэхэр

ЗэрыщтІэщи, артистыфІ ди мащІэкъым, атІэ УФ-м щыхь зиІэ и артистхэу ЖьакІэмыхъу КІунэрэ Мысостышхуэ ПщыІзэбийр (Пщыізэбий нобэ кьыгъэмытыжми, зэщхьэгъусэхэм зэгъусэу тІэкІу я гугъу сымыщІын сльэкІынукъым) щхьэ пльэмыкІыу гу зыльъуагъатэу пІэрэт? Абы и жэуапыр сэр-сэру къыщыщІыхьэхьэжкІэ сыкьызытеГыкъуащ. СощІэж, я дэ ди Тхьэ, сэри зэгуэр апхуэдэу щІыхухэм пщІэ кьысхуащІу сыхъуну пІэрэ, жьісІэу абы сыщІэхъуэпсу зэрыщытар. КъыкІэпльыкІуэу Бэлэ и ролырщІ кьызатар. Абы щыгъуэ си дэлъху Хьэжьысмел сымаджэщым щІэлъти, къыщІэкІри еплъат. Спектакль нэужьым нытхьыащ, артистхэр псори ицІыхути. Дауэ къыпщыхуэха, жьихуэсІэу сыщеплъым: «СыукІытэу си щхьэр есхьэхакъым», - къызжиІащ. Щытхъу къызэхьэдэщыгъуей си дэлъхум, адэ папщІэу ткІийуэ къытщхьэщыстым ар къызжиІэнэр си дежкІэ мащІэтэкъым.

Пщыізэбийрэ КІунэрэ.

Ипхъу Маринэрэ и пхъурылъху цІыкІу Айдамирра я гъусэу зегъэпсэху.

Босфор тенджыз дэжьпІэм деж. Адыгэхэм я щыгъуэ махуэм хэтщ Уэхъуэтэ Александр, КІунэ, Сасыкъ Маринэ, Ширдий Маринэ сымэ. *Истамбыл, 2009 гъэ*

Лэжьыгъэм и щытхъу

КІунэ зэрылэжьакІуэшхуэм куэд тепсэлъыхьащ, ар зыцІыкІу дэтхэнэми ещІэ. Лэжьыгъэм зыізэрыритыфым, Тхьэм кърита макъымрэ тепльэмрэ зэриІэм, абы зэчий ин зэрыбгъэдэлъым къагъэщІа КІунэщ ар. Щытхъу и лэжьыгъэкІэ зыгуэрым хуэфащэмэ, ЖьакІэмыхъу абыхэм я пашэщ.

И лэжьэкІэм кьыхуихьа пщІэуэ КІунэ Налшык къалэ Советми (1968-1970) Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэми (1985-1990) я депутату хахьауэ щытащ. Абы ирихьэкІ лэжьыгъэшхуэм папщІэ профсоюзхэм я обкомым, ВЛКСМ-м и обкомым, ди республикэм ЗЕНХабзэмкІэ и министерствэм, Къэбэрдей лъэпкъ театрым, Президентым я щІыхь тхылъхэр кьыхуагъэфэщащ. Апхуэдэу абы къратащ ДАХ-м, Урысей цІыхубэ артиадэм я саугъэтхэр. ЖьакІэмыхъу КІунэ УФ-ми КъБР-ми я щІыхь зиІэ, ди республикэм и цІыхубэ артисткэщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал саугъэтым и лауреатщ, Волков Фёдор и саугъэтри кьыхуагъэфэщащ.

Лъэпкъ театрым роли 120-м щІигъу щызыгъэззэщІам дежкІэ куэдкъым сыт хуэдэ фІыщІэри щытхъури. Атіэми ар зэрыпагэр, зэрыгушхуэр, и напщІэм тельыр а щІыхьыщІэхэмрэ дамыгъэхэракъым. И гум щызу абы игъафІэр театрым и утыкум кьыщигъэщІа образхэрщ. Апхуэдэхэщ Медея (Ж. Ануй и «Медея» спектаклым, режиссёрыр Кулиев Б.), Ларенсие (Лопе де Вегэ, режиссёрыр Кулиев Б.), Тыргъэтауэ (ІутІыж Б. и «Тыргъэтауэ», Фырэ Р. и ГъэувыгъуитІми, Теувэж С. щигъэувами), Эпикастэ (ІутІыж Б. и «Эдип», режиссёрыр Теувэж С.), Снижко Нилэ (Салынский А. и «Барабанщица», режиссёрыр Ерчэн Леонид), Ефросиньэ (Толстой А. и «Орёл и орлица», режиссёрыр Фырэ Р.), Отрадинэ-Кручининэ (Островский А. и «Хейуэ мысэ ящІакэр», режиссёрыр Теувэж С.), Алмэстхэн (ІутІыж Б. и «Гуащэмыдз хьэбл», режиссёрыр Джэку Р.), Мими (Альдо Н. и «ГулъытэншэхьэхэР», режиссёрыр Фырэ Р.), Матильдэ (Касони А. «ХьэжьІужьэ», режиссёрыр Фырэ Р.), Кэт (Миллер А. «Ахэр псори си къуэщ», режиссёрыр Дэбагъуэ Р.) сымэ я ролхэр, нэгъуэщІ куэди. Иужь дыдэу ар Къэзэрхъану щыджэгуащ Аброкъуэ Аслъэн и пьесэм къытращІыкІа «Хужьрэ фІыцІэрэ» спектаклым.

Псалъэ гуапэ куэд хъуркъым

ЖьакІэмыхъу КІунэ и лэжьыгъэм, и гуащІэм теухуауэ Іэджэ жаІащ, шэч хэмылъу, дяпэкІи жаІэнущ. Ди тхыгъэр ныкъуэ хъунт абыхэм ящыщ зыбжанэ къэдмыхьамэ.

Нало Заур, *КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ:* - Мы Къэбэрдеижьым махуэ хъэс шыкур хуэщІын хуэщІ ЖьакІэмыхъу КІунэ къызэрыдитам щхьэкІэ. Абы хуэдэ актрисэ диІаэу сщІэркъым, ауэ дяпэкІи ЗенІну сыщогугъыр. Нэри къэсыжауэ артистышхуэщ КІунэ. Акъыл ищІ, щІэныгъэ бгъэдэлъщ, псэ дахэ хэлъщ. Сэ сощІэжыр «Барабанщица» («Ажалым ебэдэфэ хъыджэбз») пьесэм къытращІыкІа спектаклым КІунэ зэрыщыджэгуар. Апхуэдэу джэгуфэ КІунэ фІэкІа слъэгъуакъым. Нэсри къыгъэззэкауэ художникышхуэу дигъэлъэгъуащ Снижко Нилэ и образыр.

Москва апхуэдэ актрисэ щагъуэтамэ, Іэплпкіэ къыщыхьэжкІынт.

2008 гъэ

ІутІыж Борис, *КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ, драматург:* - Актёрым анэдэлъхубзэр гъэхуауэ, ириджэгуу, удихьэхыу, текстым и «щІыфэр» зыхищІэу, къыхэгъэщхьэкъыІыпхьэмрэ «щІэбзэу» кьэнэн хуейхэмрэ зыхигъэкІыфу, ди бзэм и хабзэм театр адыгэ гупсысэкІэр тегъэпсыхьауэ текстым и арэктекториэр ихуэфу щытын хуейщ. Ар къэхъулІэн щхьэкІэ, псом япэрауэ, бзэр пщІэ къудей мыхъуу, зыхэпщІэу, абы ухапІыкІауэ, псалъэхэм я мыхьэнэ пажэхэм нэмыщІкІэ, текстым щагъуэт мыхьэнэ гуэдзэхэри къэппхъуэтэфу, псалъэжьхэм, псалъэ шэрыуэхэм къарыкІымрэ я кхъэхуКІэмрэ ахэр тыншу хэбухуэнэфу ущытын хуейщ.

КІунэ хуэдэу ар къызэхъулІэ щыІэхъым, абыкІэ щапхъэ артисткэм трах хъунущ адыгэ сценэм иІэн хуей щэнхабзэ лъагэм хущІэкъуэхэм.

2008 гъэ

Къэжэр Борис, *КъБР-м и цІыхубэ артист: -* ЖьакІэмыхъу КІунэ зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ артисткэщ. Сыт щыгъуи театрым гурэ псэкІэ хуолажьэ. Псалъэкіэ къыпхуэмыІуэтэн хуэдиз гуащІэ хэлъщ КІунэ. Сыт и лъэныкъуэкіи ар цІыху дахэщ, цІыху пэжщ, нэгъэсауэ артистыкфІми и щапхъэщ. ЖьакІэмыхъу КІунэ хуэдэ цІыху щэджащэ псалъэкъым иІэнырэ насыпщ. Ар лъэпкъ гупсысэрэ адыгэбзэмрэ я хъумакІуэщ.

2015 гъэ

Ширдий Маринэ, *КъБР-м щыхь зиІэ и журналист: -* Артист Іэщагъэр Іэщагъэшхуэщ. Псом хуэмыдзу телъыджэщ ди адыгэ артистхэм я зэфІэкІыр. Ди театрым зэман зэхуэмыдзэкэм щыджэгуа гупхэм яхэтащ, иджыри яхэтщ дуней псом цІэрыІуэ щыхъуа,

МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ

Уафэбгыкъ и нэлат

Тхыдэ роман

(КІэлыкІуэр. ПэщІэдзэр №№37 - 39, 41 - 45-хэм итщ.).

- Хьиндыуэ жаІащ ешхэм. Ауэ мо нэзэвым блэкІрэ пэт хьиндымэ зэрыщымыуар нэрылъагъущ. Пэжкъэ жыслэр, Дэмдей?

- Шэч хэмылъу, хьиндыкъым ар, плъагъуркъэ ди Іуфэр къызэрихъуэрэхъухьыр: кьытщІэдзэІуу арщ. Алыхьым ещІэ абы адыгэхэм якІэщІищІыхьауэ щытыгъар зи щІэщхъу.

- ФыжыыпІэжьыну фэ тІур зэ?! - мэгие Быжьыр. - Шы лъэрыгъыншэм и лъэрыгъ. фиувэну фыхэтщ, гъуэгу махуэрэ!

НэхъыщІэхэм гъуэмылэ хъуржынхэр ятІатэщ, Іэнэр яухуэри, ЛІыгъур хьиндыхэр здигъэщхэну къриглъэблэгъащ. Щхьэхуэу нэзэвым зыхуигъаззэрэ:

- Уэри, хамэгу-хамащхэ зумыщІу, къэтІысыт. Ди бзэри мо узигъэсэхэм яйри зэдзбгъащэрыуэу пщІэуэ къысщохъури, фЫ дыдэкъэ ар – тэрмэш утхуэхъунщ. Сыт уи цІэр?

- Іэтэ-ИльяскІэ къызоджэ.

... Гъуэгуанэ жыхуаІэращ. Къум пшахъуэщІым и тафэтелъ адыгэ Іэнэм - Европэмрэ Азиемрэ зэпызыщІэ данэ лъагъуэм кІуэрэ пэт щаухуам - бгъэдэст: адыгэхэр, къалмыкъхэр, хьиндыхэр, нэгъуей Іэтэ-Ильяси ящІыгъужу. НэхъыщІэхэр - Елэн, Къэбард, Даур-КІэмыргуей сымэ бгъуэщІэсти, хэт Іэнэр зэригъэзахуэрт, хэти псы къахуихьырт.

Іэтэ-Ильяс и тэрмэшу, Іэнэм бгъэдэсхэр зэпсэльыпІэурэ, мыпІащІэу ерыскъым хэІэбрэт. Нэгъуейм а гупым зэжраІэхэр щызэридзэкІкІэ, езым и гупсысэ гуэрхэр зэрыщІигъужыр нэрылъагъут. ЧэруанакІуэхэм я нэхъыжь хьиндыр егъэзыхыгъуэм теуба дыгъэм худэплъейри, я ежьжьигъуэр кьиззэрыблагъэр гупым къащыгугригъаІуэм, Быж ЛІыгъур:

- Дыщысыхэу жьытІэни дгъуэтынущ, ауэ фи ежьжьигъуэр къэсамэ, гъуэгу махуэхэ! Сыхэятыфі Тхьэм фыхуишэ. Фэ зыфІэтыжьыху, мыдэ, Іэтэ-Ильяс сепсэлъэнут зы Іуэху гуэркІэ.

Нэзэвыр зыщІигъуауэ Быжьыр Іукірэ пэт, гу лъитащ сондэджэрхэм Іэнащхьэм ахъшэ зэрытралъхьэжьым. Абы кьыкІыр ЛІыгъур къигурыІуауэ, къэуІэбжьри:

- Фщіэр сыт?! ХьэщІэм шхапщІэ ит хабзэ?! Хьэлэл фхухуэ. Іуфхьжьыт мор...

ЗэрагъэтІылъам хуэдэ дыдэу сондэджэрхэм я ахъшэ жьгъейр пІащІэу къызэращтэжьым кІэлъыплъри, Іэтэ-Ильяс:

- ЕмыкІу пщІы хъунукъым. Абыхэм я сомым сомит! трагъуэтэжу есахэщ...

- Я хьэлэлщ, дапщэ трагъуатэми. Я Іуэху фІы ирикІуэ, - жиІэурэ, ЛІыгъур Іэтэ-Ильяс йоплъри:

- Сыкъэлцыхуэжьхэ иджыри?

- Дызэрыцыхуу зэгуэр щыта? – Іэнкуи къэху нэгъуейр.

Шэхьбзэ-Джэрий Къаножыуэ зэшхэм Бесльэнейм щрауКІыхьари къэпщІэжьркъэ?

- Шэхьбзэ-Джэрий щхьэпсыншэра зи гугъу пщІыр?! - ауан хэлъу подыхьэшхькІ Іэтэ-Ильяс. - Кьилэжьар къыльысыжащ.

- КъыльысыжамкІэ сыарэзыт, ауэ и къэушэхэм иджыри увыІэну ягу илъкъым. Нэгъабэ ди деж къэкІуащ зэуакІуэ - лъы уасэ нобэр къэпсэсым къалъыхьуэ... Иджипсэтуи дзэ ягъэшэс Къэбэрдейм кьрашэну.

- ЛІыгъур, уэри зэрыплъагъущи, сэ апхуэдэ Іуэхухэм куэд щІауэ сыхэтыжхьым, - нэмыс Іэдэб зыщІэль макъкІэ хэкъуэзауэ жэуап къетыж нэгъуейм, - араущи, хуит сыкъэпщІмэ, сежьэжынт. Си гъусэхэри, мес, кьыспоплъэ...

- Гурыіуэгъэущ. Уи бжьыкІыр дагуэ щыхъуакІэ, гъуэгу махуэ! Ауэ сэри зы къыбгурыіуэну сыхуейщ: си нэгу зэи дяпэкІэ зыкьыщІымыгъахуэ.

ЧэруанакІуэхэр ежьэжащ. Псы-къуийím Іут и гъусэхэм къахьыжьри, ЛІыгъур:

- Дэри догувэ. КъыізжефІэт, Дауг-КІэмыргуей теухуауэ сыт иджы ди унафэр?

- Сыт унафэ? Мы пшахъуэщІым къиднэу дежьэжьын хуейуэ ара? - къэгуэващ Къэбард.

- Пожщ а жьпІэр, Къэбард, хъунукъым щІалэр къэдгъэнэ, - жиІэурэ Дэмдей Къашьыргъэ хуоплъэжІ.

- Унафэ лей иІэ абы? Пщэдей-пщэдейм щыщкІэ дыкъыщыблэкІыжькІэ, здэтщтэжынщ, - жеІэ Къашьыргъэ.

ЛІыгъур псоми жаІэм едэІуа нэужь, зишэщІауэ гузавэуэрэ къэдаІуэ щІалэщІэм зыхуеГъаззри:

- Уэ дауэ уеплърэ абы, ДаурКІэмыргуей?

- Нобэ пщІондэ мыбы сыщыщыІэфар си лъахэм згъэзэжыну згъэфІа а гуэрэрщ. ИтІани, си зэранкІэ мыдыгъу-дыгъуфэ къыВапплъну сигу схутегъахуэркъым. Фхуэмыфащэщ ар.

- Афэрым, КІэмыргуей. Псалъэ пэжщ. Иджы и чэзу хъуащ уи адэм и цІэм дыщІэзыпІэнуи...

- Абрэджкэ сащыщщ. Си адэр... Кьрымым щыІэщ ар. Мырзэ дзэпщ гуэрым и деж къулыкъу щещІэ.

- Ар дауэ ухъут! - кьолъ Дэмдей. - АдыгэлІым мырзэ гуэр деж къулыкъу щиІыгъуу?!

- Дэмдей, уи тІуалэр иджыри ешакъэ? - мэгие Къашьыргъэ. - Дипхъуэгэ тырку сулъТІанхэм, урыс пащтыхьхэм, кьэрыкъ хъанхэм, къэжэр падишаххэм, куржьепщхэм ягъэфІэз щыхьхэкІэ, Абрэджьр сыт бахъшысэрей мырзэм хуэлІыщІэ щІэмыхъунур? Хэт жьпІат, КІэмыргуей, уи адэм зэреджэр?

- Мырзэбгъ... Ауэ, сэ сщІэрэ, а кьрымхэр нэгъуэщІ щІэкІэ кьеджэми?

Къашьыргъэ тІэкІурэ гупсысэри:

- Уи жагъуэ-уи щІасэми, щІалэ, адыгэм диІэщ псалъэжь: «Банэ и пІэ банэ къокІэж»... Щхьэж къызыхэкІам и нэпкъыжьэ и натІэм телъыжщ.

- СщІыкрым щхьэрыгъажэ, сыту жьпІэмэ, си анэш Бэлэтокъуи, апхуэдэ гуэр къикІыу, зэ зыгуэр жиІэгъат...

КІэмыргуей и псалъэхэр Къэбард щызэхихым, шыныбэпх икъуэлыжар гу лъимыІэххэурэ Іэщіэжьжащ, игъэлэлэжрэ, къэуІэбжьауэ:

- Уа, шынэхьщІэ, къызгурыІуар пэжмэ, учъэзылъхуа уи адэр уи щхьэ иупэсыжьркъым?..

Гупым щыму къахэдэІухь Елэн иджы нэщхьейуэ щатэри:

- КъызэрыщІэжьыр аращ, дауи.

- Тхьэмадэ Іумахуэр къызэупщІати, пщы хэзмылъхьэу, сигу илъыр жыслауэ аркъудейщ. Си адэр мыбдеж къэувами, а сызэрыхущытыр нехьэкІ-къехьэкІ хэмылъу жесІэнущ. ИтІани, сэ сщыгъупщэркъым зэи: ар - си адэщи, си адэу кьонэж! – хэкъуэзауэ жэуап кьет Даур.

ЛІыгъур хуэмылэчыжу:

- Елэн, Къалмыкъым дыкъыкІыжьыу, КІэмыргуей и пІэкІэ мыбдеж укъыщыдгонэ.

- Къалмыкъыбзэ зыри сымыщІэуи?..

- УмыщІэуи. Псы ибгъэхъуэн папщІэ, бзэ ухуэныкъуэну си гугъэкъым.

- ЗэрыжьпІащ, ЛІыгъур, зэрыжьпІащ. КІэмыргуей кьызэлам сэри сыкъелынщ. Къалмыкъым залымыгъэкІэ сыщагъэпщынлІыну зыгуэркІи гугъэ къысхурамыщІкъудей! Гъуэгу махуэхэ. Ди Іуэху Тхьэм къывигъэхъуПІэ!

Шухэр гъуэгу теувэжащ. КІэмыргуей гупым хэмыт-хэмыщу кІуэрт, Къэбард и сэмэгурабгъур иІыгъыу. Абыхэм япэ кьиту макІуэ Къашьыргъэр Дэмдейрэ. ЛІыгъур щыму уанэгум исщ. Елэн и шым мыщІыху ищІурэ хопырхьыкІ: зыхещІэ а ибгъ исыр зэрыхамэр, ауэ шыр абы есэжьнкІыу куэд имыкІуу.

Даур нэщхъейуэ мэгупсысэ, и адэм теухуауэ кьипсэлъахэм иропльэж: «ЕмыкІыщ адэм хэмыфащэ гуэр бгъэІуну... Ауэ а жьисІам пцІы лъэпкъ хэлъкъым. СыхущІегъуэжи хъунукъым. Къэбард иджы нэмыплъ кьызиту пІэрэ? «Уи адэм ухуопсалъэ!» - къызжиІащ нетІэ... Сыт емыкІуу абы щыгъуэ къызжэдэкІа? Зэуэри, дапщэщи зэ, си адэм хуэзгъэгъунущ а зэхэзедзэн сызэриущІыгъар, арщхьэкІэ... Къыхуигъэгъуну пІэрэ кьытщхьащт Алыхьым!..»

- КІэмыргуей! - къэджащ ЛІыгъур, - мэууэ укъызбгъурытурэ накІуэт!

ЩІалэр зы шыщхьэкІэ иужь иту Быжьым бгъуриуващ.

- Уи шыщхьэр спэзанщІэ зыкъэщІыт, ПІасэ, кьызбгъурыувапэ, - къопсалъэ Быжьыр.

КІэмыргуей кІуатэри, нэхъыжьым а жьыхуиІам хуэдэу бгъуриувэпащ. ЛІыгъур здэкІуэм щІоупщІэ:

- А кьрым сондэджэр Іэтэ-Ильяс уи нэІуасэ, КІэмыргуей?

- Сондэджэркъым ар! – кІэщІу педзыж Даур.

- Сэри а фэр еспІащ, - ЛІыгъур иджыри тэлайкІэ мэгупсысэжри:

- Зыри зэхэпхакъым. Кьыбгурыіуа?

Дыгъэ кьухьэгъуэм ирихьэлІэу къум пшахъуэщІым кьыумыщІыхун хуэдизу зехьэж. Тегъущыхьыжа удз гъурцхэм иджы къащІопІъ щхьэантІагъэ мащІэ. Шухэр кьалмыкъ щІыналъэм и тафэшхуэм зэрытехьам и нэщэнэу, жьапщэм иджы удзыпэ щхьэантІэмэ кьыщІех. Щыхэри, удзыкІэр зыхащІащи, нэхъ кууэ мэпащІэ.

ЛІыгъур кьыгурыуэрт КІэмыргуейрэ езымрэ я псалъэмакъыр зэрамыухар. ПІури гумызагъэу адэкІэ кьыкІэлъыкІуэнум пэплъхэрт.

ЛІыгъур кІуэуэрэ кьопсалъэри:

- Хэт сыт хуэдэ лей кьыптримылъхьами, гужьгъэжь зэрызэтумыльхьэм гу лъыстащ, КІэмыргуей. Ар фІыщ.

- Пхуумыфащэ къозыпэсам, уи псэ кьеІам, дауэ зэрыхуэбгъэгъунур, ар уи адэу щытми? - егъэщІагъуэ Къэбард.

Быжьым игу ирихьакъым нэхъыщІэр а псалъэмакъым кьызэррыхьхар, итІани тхьэмадэр пыгуфІыкІыуэр и напІэхэр ирихьэхри:

- Къэбард, сыту пІэрэт уэ езым пщІэнр, Даур-КІэмыргуей и пІэм уитатэмэ?

Къэбард къызгурыІуат нэхъыжьым игу зэрызригъэбгъар. ЛІыгъури, псоми зэхахьи хуэдэу:

- «Мыр щІэ, мыдрейр умыщІэ» - жьытІэу КІэмыргуей иджьпсту чэнджэщ еттыну дыхэткьым дэ. Хьэкъращи: кьалмыкъ хэкум щІалэр кьиндэнукъым. Абы тІэу жьыІэ хэпльхэн хуейтэкъым.

Шухэр Іуащхьэм дэкІри, пльэмэ - нэм зэпльыщІыкІыр щхьэжэпльыкІэ хьэлэмэту удзыпщІэ Іув тафэт.

- Тобэ ярэби! Хэт и гугъэнт мыпхуэдэ дахагъэ щІы гущІыІум тету?.. - игъэщІагъуэри ЛІыгъур.

Шухэм языхэзри зэи теплъатэкъым апхуэдизу удэ гъэгъа зэщІыгъуу зы щІыпІэм уэру щыкІыу. Гъуэжьу, плъыжьу, хужьу, гъуатІэу, шэджжэнэплъу, купрауэу, шакьафэу - гъэгъа дахащэжэ моуэ, жьы хуэмыи тригъащІэмэ, мащІэу зыдыщІаупскІэурэ толъкъуну щІэхъаерт.

АдэкІэ жьыжьэу кьыщылъагъэрт кьалмыкъхэм я псэуалъэ фэ пщыІэхэу, ныІ зэмыфэгъу цІыкІухэмкІэ гъэщІэрэщІахэр. Щхьэж и пщыІащхьэ - пэнщІыв щопсым щызэрыдзэжа кІапсэжмкІэ, щхьэж зытет щІым тепхэжауэ, зэхэтт а пщыІэхэмкІэ шухэм яунэтІащи, заплъыхьурэ ягъэщІагъэу: хуреягъыр Іэхъушэ бэгъуащ. Языныкъуэ гуартэхэр удзыпщІэм щхьэхуэу, нэгъуэщІ хъушэхэр къэхухьауэ Іэшхуэхэм ярытщ.

ЩІымахуэ кІыхьым жэмхэм зэтралъхуэ щхьэкІэхэм, анэ джаІэ бохэм зыщхьэщхьэурэ, шхуэлъыр къалъхьэу. Хъуэпсэгъуэу куэдщ, апхуэдэ жэм зэщІэсхэри. Адрей быныкъуэмкІэ уэру кьыщІохьыкІуэ шы табыныншхуэхэр: шы къарэхэр, шы гъуэплъхэр – езыхэр лъэ псыгъуэ лъагэрэ пщэгурыгъ кьуанщэ дахэ хъужахэу, теплъафІэхэщ. Я дарий сокупщІэхэр пщІыпщІу жьыбгъэ хуэмым зэрехьэ. Шы табынхэр гуэрэнчэ кьъэшуфэрэфыхь бэу пІэжьжьагъуэхэм яКІэлыплъэ, кьэбзэрдей шухэм ягъэщІагъуэ кьалмыкъ хъаным и щІыналъэ кьулейр.

Шэтыр хьэблэм кьыдокІри, я бжьыкІыщхьэхэм пылъ кІапэ щабэ бащэхэр (псэущхьэ гуэрхэм яйхэр) жьым хэджагъэу, хъумакІуэ шу гупыр лъэхъуу кьапокІуэ кьэбзэрдеилхэм.

- Къэбард, КІэмыргуей, дяпэ фащи яжефІэ, ХьэтІохъуущокъуэм дыззригъэлІыкІуэр Аюк хъаным ирагъэщІэну!

Даур-КІэмыргуей кьалмыкъ шу щхьэхъумэхэм я бзэмкІэ епсэлъа нэужь, кьэбзэрдей лЫкІуэхэр шэтыр-хэмкІэ благъэкІ. Я гупэхэм кьалмыкъ шууитІ кьоувэри, лъэныкъуэгъэзу щыт фэ пщІыІэ хужьышхуэмкІэ яГъэгъуаэзу хуаунэтІ.

- Адыгэхэм яфІэгъэщІэгъуэну зэпаплъыхь здыщІаша фэ пщыІэр: мащІэу кьызэщІэІэтащ лъэгур, шэтыр кІуэщ джабэхэр кьищыкІащ зы Іэпапіи кьызыщІэмыщ алэрыбгъушхуэхэмкІэ. Блын лъабжьэхэм кІэщІэлъщ щхьэнтэ кьуэлэн щыкІуэмрэ шхыІэнтепхъуэ шыхьаэхэмрэ. ПщыІэм уэрэщыщІыхьэу, Іэнэ хъурей щхьэгъуэ лъахъышэ щытщ. Іэпащхьэм псы иту тетщ, дыжьын тхыпхъэІущІэ зэта пэгуныр. Абы ещхьыпсу тхыпхъэщІыпхъэ зытелъ кумбыгъэ щІыкІур пэгуныкъым и кІым фІэгъэнауэ жьэдэлъщ. Іэнэ щхьэгуэм зэгъэзэхуэпауэ тельщ напэІэлъэщІ къабзэхэр.

Кьубгъанхэмрэ зытхьэщІылъэ куу щІыкІуэхэмрэ кьыіуахьу, хьэщІэжэм зрагъэгъэхьэба нэужь, ерыскъыри мыгъвэу кьыкІэлъхьащ. Гъэгъанэ кІыхьым зэхиукІа кьэбзэрдейхэр, шхыным зэрыхэІэбаи щымыІэу, пІэм я щхьэр нахьэсрэ пэт, Къашьыргъэ:

- Псыунэ ямыІэу пІэрэ мыбыхэм?

Дэмдей зэгуэпауэ къопсалъэри:

- Псэ яІумыт уи гугъэ мыбыхэм?.. А уэдэщІыпІ бжэм дех псыунэщ.

(КІэлыкІэлъыкІуэнущ).

● Хъуэхъу

Гудзакъэ зыхэлъ лэжьакІуэшхуэщ, и псэм и хуабагъымкІэ цІыхухэм ядэгуэшэф, гъащІэр фІыуэ зылъагъу бзылъхугъэ гумащІэщ мы хъуэхъур зытеухуа ЛЬэнкІэпІашэ Ларисэ.

«Фэепльымрэ щІэинымрэ» зыфІащэ жылагъуэ щІыналъэ Іуэхущ1апІэм, фейдэ кьегъэщІыным пымыщІам, и къызэгъэпэщакІуэхэм, и унафэщІхэм ящыщщ ар.

ЛЬэнкІэпІашэ Ларисэ и лэжьэгъуэхэр абы и юбилейкІэ йохъуэхъу икІи я гуапэщ узыншэу, и унагъэкІэ зэІуэпэщу, фІым хуэгъэпса и проектхэр пхигъэкІыу псэуну.

Дзюдомрэ самбэмрэ хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІ Джэданэ зэкъуэшхэр

● Спорт

Куэдрэ къэхъуркъым зы адэ-анэм къалъхуа зэкъуэшхэм ехъулІэныгъэ инхэр спортым щаІэу. Нобэ зи гугъу фхуэгушыну Джэданэхэр Алимрэ самбэмрэ дзюдомрэ лъэужь дахэ къыщагъэнащ икІи тІури дуейпсо классымкІэ спортым и мастер хъуащ.

КъАМЫЛЫКЪУЭ адыгэ къуажэжьыр зи кьежьапІэу Налшык псэупІэ зыхуэхъуа Джэданэ Щэлэуат къалэшхуэм къахуэзыІуихэ Іэмал псори и къуитІым нэсу къахуигъэсэбэпащ. ЗэкІэлъхьэужьу 1981, 1983 гъэхэм къыхуалъхуа Залымрэ Алимрэ абы кьиІэгъэхъуащ къызыхэкІа лъэпкъым и хабзэмрэ нэмысымрэ яІыгъыу, я Іэпкълъэпкъыр жырыкІэ хуэдэу Дэтхэнэ спортсменми япэ иригъэщ а зэхьэзэхуэ иным хэтын папщІэ Джэданэ Алим куэд дыдэ илэжьащ. Абы дзюдомкІэ къэралым и чемпионыгъэр 2006 гъэм зыІэригъэхьащ, илъэситІ дэкІаІуэ Европэм и жэз медалыр щІигъужри, Китайм и къащащхьэ Пекин щекІуэкІыну Гьэмахуэ Олимп Джэгуэхэм хэхуащ.

Псори хъарзынэу ежьа хуэдэт. Алим и хъарзынэгъуэр иригъэкІуэтэкІыуэ килограмм 66-м нэс зи хьэлъагъэм я зэпеуэм и финалым и Іыхьэ пІанэм нэсат. АдэкІэ чемпионыгъэр 2006 гъэм зыІэригъэхьащ, илъэситІ дэкІаІуэ Европэм и жэз медалыр щІигъужри, Китайм и къащащхьэ Пекин щекІуэкІыну Гьэмахуэ Олимп Джэгуэхэм хэхуащ.

Псори хъарзынэу ежьа хуэдэт. Алим и хъарзынэгъуэр иригъэкІуэтэкІыуэ килограмм 66-м нэс зи хьэлъагъэм я зэпеуэм и финалым и Іыхьэ пІанэм нэсат. АдэкІэ чемпионыгъэр 2006 гъэм зыІэригъэхьащ, илъэситІ дэкІаІуэ Европэм и жэз медалыр щІигъужри, Китайм и къащащхьэ Пекин щекІуэкІыну Гьэмахуэ Олимп Джэгуэхэм хэхуащ.

Ахъшэ хъарзынэу ежьа хуэдэт. Алим и хъарзынэгъуэр иригъэкІуэтэкІыуэ килограмм 66-м нэс зи хьэлъагъэм я зэпеуэм и финалым и Іыхьэ пІанэм нэсат. АдэкІэ чемпионыгъэр 2006 гъэм зыІэригъэхьащ, илъэситІ дэкІаІуэ Европэм и жэз медалыр щІигъужри, Китайм и къащащхьэ Пекин щекІуэкІыну Гьэмахуэ Олимп Джэгуэхэм хэхуащ.

Зэхьэзэхуэм и ятІонэрэ щІыкІэм гуфІэгъуэ ин къытхуихьащ - дыщэ медалхэр зыІэрагъэхьащ килограмм 60-м нэс зи хьэлъагъэм я зэпеуэм хэта Мудрэн Бесльэнрэ килограмм 66-м нэс зи хьэлъагъ Джэданэ Алимрэ. Ахэр Европэм и чемпион хъуащ икІи Олимп Джэгуэхэм хуэзышэ гъуэгухэр кьахуэзэІуха хуэдэт.

- Иджыпсту псом ящхьэр Олимпиадэм кІуэнукъэ сахэхуэнырщ. Нобэ сыт хуэдэ зэхьэзэхуэм сыхэтынуи абы сыщытекІуэнуи сыхьэзырщ. АрщхьэкІэ спортым сытри кьыщыхъуфынущ, - жиІат дыщэр кьыщихьа Европэм и чемпионатым иужькІэ Джэданэм.

- Алим и псэм ищІа хуэдэт гугъуехь лейхэр зэхьэзрыкъуэкІынур. Европэм и иужьрей чемпионатым зэрыщытекІуами, дунейпсо рейтингым япэ дыдэу зэрыщытми щхьэкІэ къамыгъанэу ар иратащхьэ. Ткіри, Олимп Джэгуэм нэгъуэщІ ягъэкІуащ. Ардыдэр абы щыгъуэм кьыщыщІащ Мудрэн Бесльэн.

АдэкІэ хьэлэмэтагъашхуэ спортым хэлъхьэнкІэ зэхьэзэхуэ зыбжанэм щытекІуащ, «Тажьышхуэ», Гран-При зэпеуэхэри хэту, ауэ нэхъ щІалэІуэхэр иджы япэ игъэщын хуейт.

Алэрыбгъум кьикІыжамэ, Джэданэ зэкъуэшхэм дзюдор Іэщіыб ящІакъым. ИльэсипІ ипэкІэ Дюдоистхэр щагъэхьэзыр центр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым абыхэм кьыщыщІэІуащ. Урысей Федерацэм щыхъ зиІэ и тренер Джэданэ Залымрэ абы и кьуэш нэхъыщІэ Алимрэ педагогикэ щІэныгъэхэм я кандидатщ икІи щІэблэр гъащІэми спортми хуагъасэ. Абыхэм я деж ныбжьыщІэ щыкІуэхэр пщащджьыжьми пщыхьэщхьэми куэду иокІуаІэ. Зэкъуэш щІэрыпсэхэм абыхэм ІЫ нэс кьыхащІыкІ икІи дзюдомкІэ екІуэныну зэхьэзэхуэхэм хуагъэхьэзыр. Шэч хэлъхьэным зэкъралми дунейми я чемпионхэр нобэрей бэнакІуэ ныбжьыщІэхэм кьаззрыхэкІынум.

Джэданэ зэкъуэшхэм я гъэсапІэм хэкІуэну дзюдомкІэ зэрИзм щэч хэлъкъым. Абы къыщызрагъэпэщыну я мурадщ ДзюдомкІэ олимп зыхуэгъэхьэзырыныгъэм и центр.

УнагъэкІи насыпыфІэ хъуащ Джэданэхэр Залымрэ Алимрэ. Абыхэм бын узынщэ икІи щэнфІэ къащІохъуэ, я адэхэм яхуэфащэу, я пщІэр нэхъри яІэту.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» ГКУ-м, КъБР-м и Журналистхэм я зэгуэныгъэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман+», «Советская молодёжь», «Горная республика» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Іуащхьэмахуэ», «Минги Тау»,«Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «ЭльбрусТ» тхылъ тедзапІэм, «КъБР-Инфо» хъыбарегъащІэ агентствэм я лэжьакІуэхэм гущІыхьэ ящыхьауэ яхуогуэвэ **Битиров Эдуард Борис и къуэм** и анэ **Лукьяновэ Александрэ Иван и пхъур** дунейм зэрехьжам къыхэкІыу.

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и лэжьакІуэхэр кадрхэмкІэ къудамэм и унафэщІ **Шэру Марие Лонэ и пхъум** хуогуэвэ и анэ **Щэрмэт Хьэбибэ Хьэрун и пхъур** дунейм зэрехьжам къыхэкІыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Марин** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къашокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къарэн Маринэ**, **Къумахуэ Астьэн, НэщІэныджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьыдзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щхьэхэзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныбмкІэ - 42-60-53; зэныщІэмрэ зыужьмрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; гъэсэныкІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; суэтехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епГъыкІэр зэтхуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ кьыдокІ.

12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгъ къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы кьыдэкІыигъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Къашокъуэ Эллэ,** *редактор* **ЖылаСэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щхьэщэмыщ Иэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютерхІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *суэтхъэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ траддэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ●Тираж 2.099● Заказ №773